



Milik Departemen P dan K  
Tidak diperdagangkan  
Untuk umum

# Saratus Paribasa Jeung Babasan V

Mas Natawisastra



Departemen Pendidikan dan Kebudayaan

Direktorat  
budayaan

222  
S

899.2232 MASS

**SARATUS  
PARIBASA JEUNG BABASAN**

Jilid ka V

**SARATUS  
PARIBASA JEUNG BABASAN**

karangan

**Mas Natawisastra**

Mantri Guru Sakola Klas II No. I Bandung  
Jilid ka V

**DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN  
PROYEK PENERBITAN BACAAN DAN SASTRA  
INDONESIA DAN DAERAH  
JAKARTA 1979**

Diterbitkan kembali seizin PN Balai Pustaka

**BP No. 9**

Hak Pengarang dilindungi Undang-undang

## **KATA PENGANTAR**

Pembangunan di bidang kebudayaan adalah bagian integral daripada Pembangunan Nasional. Pembangunan bidang kebudayaan tidak terlepas dari pemikiran dan usaha pengembangan dalam bidang sastra.

Karya sastra merupakan manifestasi kehidupan jiwa bangsa dari abad ke abad akan menjadi peninggalan kebudayaan yang sangat tinggi nilainya. Karena itu karya sastra perlu digali dan digarap untuk diresapi dan dinikmati isinya.

Karya sastra memberikan khasanah sejarah ilmu pengetahuan yang beraneka macam ragamnya. Hasil penggalian dan penggarapan karya sastra akan memberikan rasa kepuasan rohani dan kecintaan pada kebudayaan sendiri yang selanjutnya akan merupakan alat ampuh untuk membendung arus masuknya pengaruh kebudayaan asing yang tidak sesuai dengan kepribadian dan kepentingan pembangunan bangsa Indonesia.

Penghormatan hasil karya sastra akan memberi keseimbangan antara kemajuan ilmu pengetahuan dan teknologi modern di satu pihak dan pembangunan jiwa di lain pihak. Kedua hal ini sampai masa kini masih dirasakan belum dapat saling isi-mengisi, padahal keseimbangan atau keselarasan antara kedua masalah ini besar sekali peranannya bagi pembangunan dan pembinaan lahir dan batin. Melalui sastra diperoleh nilai-nilai, tata hidup dan sarana kebudayaan sebagai saran komunikasi masa lalu, masa kini dan masa depan.

Para pemakai dan peminat bahasa dan sastra Daerah khususnya bahasa dan sastra Sunda, baik di dalam masyarakat maupun di sekolah dan di perguruan tinggi, sudah lama merasakan kekurangan akan buku Sunda sebagai bacaan maupun sebagai penunjang pengajaran bahasa dan sastra Sunda.

Selain itu sesuai dengan semboyan 'Bhinneka Tunggal Ika' sepatutnya kita memelihara segala ragam kebudayaan dan bahasa daerah yang hidup dan digunakan dalam masyarakat kita, agar keanekaragaman kebudayaan dan bahasa di negara kita itu tetap terpelihara dengan segala keindahan dan kelincahannya. Bahkan perlu disebarluaskan ke seluruh pelosok Nusantara kita sehingga dikenal, diterima dan dirasakan sebagai milik kita bersama.

Dengan tujuan itulah dan untuk mengisi kekurangan tersebut di atas, Proyek Penerbitan Buku Bacaan dan Sastra Indonesia dan Daerah Departemen P dan K, bekerja sama dengan PN Balai Pustaka sebagai penerbit buku sastra yang telah dikenal sejak sebelum Perang Dunia ke-2, menerbitkan kembali buku-buku sastra Sunda. Bagi yang tidak menguasai bahasa Sunda, tetapi ingin memahami isinya, telah kami susun ringkasan ceritanya dalam bahasa Indonesia.

Semoga dengan terbitan-terbitan ini kekayaan sastra bangsa kita yang sudah begitu lama terpendam itu dapat dikenal oleh khalayak yang lebih luas serta dapat menambah pengertian dan apresiasi terhadapnya.

Jakarta, 1979

Proyek Penerbitan Buku Bacaan dan Sastra  
Indonesia dan Daerah.

## RINGKASAN ISI

### S i n o p s i s

Buku bacaan ini berisi 100 peribahasa Sunda. Banyak di antaranya jarang dijumpai lagi dalam bahasa modern. Sekedar untuk memberikan gambaran, di bawah ini disajikan sejumlah peribahasa sebagai contohnya.

### 1. GALEGEH GADO

**Artinya** : suka menceritakan kebaikan, maupun kejelekan orang  
**Contoh** : Dirta berkata kepada ayahnya, "Pak, baru saja saya bersama si Sipin ke rumah Idin. Wah, banyak sekali ia tahu! Semua kejelekan orang lain diceritakannya. Yang kurang senonoh pun tak enggan-enggan ia ceritakan, sehingga orang lain tak sempat berbicara sama sekali."

Bapaknya, "Awas, kau jangan bergaul akrab dengan si Idin. Scbab ia tidak bisa menyimpan rahasia orang dan selalu akan menyuguhkannya kepada tamu. Bapak tidak suka kepada orang yang galegeh gado."

### 2. MEPETEK

**Artinya** : melarat

**Contohnya:** Ki Tanu ditanya oleh Patih, "Tanu, apakah ki Murin masih ada?"

Tanu, "Ada, sekampung dengan ayahnya."

Patih, "Masih jual beli sapi?"

Tanu, "Tidak, sebab modalnya sudah habis. Mulanya ia demam panas, dan setelah sembuh, ia tak sanggup bekerja lagi, karena sakitan."

**Patih**, "Masih luaskah sawah ayahnya?"

**Tanu**, "Habis dijual untuk mengobati Murin. Sekarang ayahnya pun sudah mepetek sekali."

### **3. SAMAGAHA PIKIR**

**Artinya** : bingung.

**Contoh** : Suatu waktu Ki Reksa diajak oleh Otong mencari pekerjaan mendirikan rumah di tempat-tempat yang jauh.

Kata Otong, "Reksa, mari kita pergi ke kampung-kampung mencari orang yang hendak mendirikan rumah. Janganlah berpangku tangan saja!"

Sahut Reksa, "Terima kasih atas ajakanmu, tapi waktu ini aku sedang bingung, sebab anakku yang sulung dan yang bungsu sedang sakit. Anakku yang kedua memang sudah bisa mengasuh, tapi ia pun kurang sehat. Aku tak tahu apa yang mesti kuperbuat. Kau lebih baik mengajak orang lain saja, sebab aku sedang samaga-ha pikir."

Jakarta, 18 September 1978.

**Haksan Wirasutisna**

**SARATUS  
PARIBASA JEUNG BABASAN**

karangan  
**Mas Natawisastra**  
Mantri Guru Sakola Klas II No. I Bandung  
Jilid ka V

## Eusina ieu buku

	Kaca
1. Alak paul . . . . .	7
2. Asa potong leungeun katuhu . . . . .	7
3. Aya peurah . . . . .	8
4. Aku punggung . . . . .	8
5. Baleg tampele . . . . .	9
6. Balik ngaran . . . . .	9
7. Bentangna . . . . .	10
8. Bentik curuk balas nunjuk . . . . .	10
9. Bisi kadenge ku cakkak . . . . .	11
10. Bisi aya laleur putih . . . . .	11
11. Bodas ceuli . . . . .	12
12. Bulu kapaut . . . . .	13
13. Jantungeun . . . . .	13
14. Jejer pasar . . . . .	14
15. Dibalik ngaran . . . . .	14
16. Didogdogan, digoongan . . . . .	15
17. Diwayangkeun . . . . .	16
18. Dijual ka apu sakebul . . . . .	16
19. Dibuni bau . . . . .	16
20. Ditegal-ambakeun . . . . .	18
21. Dogdog pangrewong . . . . .	18
22. Elok bangkong . . . . .	19
23. Gagalana . . . . .	19
24. Galegeh gado . . . . .	20
25. Geledug ces . . . . .	21
26. Hurung nangtung siang leumpang . . . . .	21
27. Indung suku ge moal dibejaan . . . . .	21
28. Ipis kulit beungeut . . . . .	22
29. Kabayahkeun . . . . .	22
30. Katumbukan catur, kadatangan carita . . . . .	23
31. Kahasilan nganca ngatuhu . . . . .	23
32. Kaciwit kulit, kabawa daging . . . . .	24

33.	Kelek jalan . . . . .	25
34.	Kokoro nyoso, malarat rosa, lebaran teu meuncit hayam	25
35.	Kolot sapeuting . . . . .	26
36.	Kumaha bule hideungna . . . . .	26
37.	Kokojona . . . . .	27
38.	Labuh diuk, tiba neundeut . . . . .	27
39.	Lesang kuras . . . . .	28
40.	Leutik burih (leutik pucus) . . . . .	28
41.	Luhur kuta, gede dunya . . . . .	29
42.	Malik ka temen . . . . .	29
43.	Mepetek . . . . .	30
44.	Meubeut meulit . . . . .	30
45.	Mipit teu amit, ngala teu menta . . . . .	31
46.	Miceun beungeut . . . . .	32
47.	Miceun batok, meunang coet, (miceun coet, meunang batok)	33
48.	Moal neangan jurig teu kadeuleu . . . . .	33
49.	Ngahihileudan . . . . .	34
50.	Ngarah eupan . . . . .	34
51.	Nepakeun jurig pateuh . . . . .	35
52.	Ngebutkeun totopong . . . . .	36
53.	Ngembang boled . . . . .	36
54.	Ngeureut miceun . . . . .	37
55.	Nyeun heuleur sajeroning huma . . . . .	37
56.	Ninggang kekecrak . . . . .	38
57.	Nyeun poe bungsuna . . . . .	38
58.	Nyicikeun cai, murulukeun lebu . . . . .	39
59.	Nyokor (nengterege, ningnang) . . . . .	39
60.	Nyolong bade . . . . .	40
61.	Nu baris nguyup getih . . . . .	40
62.	Nuju hurup, ninggang wirahma . . . . .	41
63.	Nuturkeun indung suku . . . . .	41
64.	Unggah karanjang . . . . .	42
65.	Palid ku cileungcang . . . . .	42
66.	Pada rubak sisi samping . . . . .	43
67.	Peupeureum asu . . . . .	44

68.	Rejeki maungeun . . . . .	44
69.	Rumbak kuntieun . . . . .	45
70.	Samagaha pikir . . . . .	46
71.	Satengah buah leunca . . . . .	46
72.	Sengserang panon . . . . .	47
73.	Sengserang padung (deukeut kana muak logak). . . . .	47
74.	Sosoroh ngadon kojor . . . . .	48
75.	Satali tiga uang . . . . .	50
76.	Sentak badakeun . . . . .	51
77.	Seteng kumaha di Mester, sauang kumaha di kandang . . . . .	52
78.	Cara bueuk beunang mabuk . . . . .	53
79.	Cagak pikir . . . . .	53
80.	Cara embe . . . . .	54
81.	Cara Cina dipangwayangkeun . . . . .	54
82.	Cara merak . . . . .	55
83.	Teu jauh ti tihang juru, teu anggang ti tihang tengah . . . . .	55
84.	Teu ka Gedong ka Cirebon, henteu cari ka Batawi, carina ngan ka lalaki . . . . .	56
85.	Teu ditarik, teu ditakon . . . . .	56
86.	Teu diambeuan . . . . .	57
87.	Teu hir teu walahir . . . . .	57
88.	Cara sireum (lulut) . . . . .	58
89.	Teu jauh laukna . . . . .	58
90.	Ceuli lentaheun . . . . .	59
91.	Ti ngongkoak, datang ka ngungkueuk . . . . .	59
92.	Ti luhur sausap rambut, ti handap sausap dampal . . . . .	60
93.	Ti batan meunang pala anggur meunang palu . . . . .	60
94.	Cara cucurut ka ibun . . . . .	61
95.	Tunggul sirungan, catang supaan . . . . .	61
96.	Turun ka ranjang . . . . .	62
97.	Tutung atahan . . . . .	62
98.	Tutup lobang kari lobang . . . . .	63
99.	Cueut ka hareup . . . . .	63
100.	Cul dogdog, tinggal igel . . . . .	64

---

## 1. ALAK PAUL

*Hartina:* tempat anu jarauh pisan.

Ki Saidin jadi mandor sakitan. Dina hiji poe manehna ngagawekeun sakitan di hiji tempat. Hijи sakitan nu ngaran Dirtam henteu jongjon digawena, ngan salungkar-salingker bae, sabab boga maksud rek minggat.

Ki Saidin awas sarta boga sangka, yen Si Dirtam rek minggat; tuluy disampeurkeun, pokna: "Dirtam, ari sia ngan salungkar-salingker bae, coba digawe sing getol; mana kitu oge sia rek minggat; deuleu, montong sok nambahan dosa, make boga hate rek minggat, da moal burung disusul, masih ka mana-mana oge, ceuk wiwilangan najan nepi ka *alak paul* oge, moal burung disusul."

Si Dirtam cicing henteu nembal.

## 2. ASA POTONG LEUNGEUN KATUHU

*Hartina:* kaunduran batur nu hade gawe.

Ki Ali, jadi juru simpen Juragan Kanduruan; sagala barang-barangna, diurus jeung dikanyahokeun ku Ki Ali bae. Sakitu lilana dicicingan, Juragan Kanduruan meh teu uninga kana kagunganana ku anjeun, da geus kumaha juru simpen tea bae.

Hiji poe jol datang anak Ki Ali ti sejen nagara, ngadeuheus ka Juragan. Barang jol, tuluy unjukan, pokna, "Sewu nyanggakeun bebendu, laksa duduka, pang jisim kuring dumeuheus, sumeja ngamitkeun pun bapa bade dibantun ayeuna, tina di rorompok jisim-kuring teu aya percanteneun lian ti kolot, margina dina sasih ieu kapareumnakeun bade mios ka Mekah sareng pun bojo."

Saur Kanduruan, "Naha bapa maneh enggeus dibadamian?"

**Wangsulna**, "Sumuhun parantos."

Kanduruan, "Nya taya kumaha, ari geus kitu mah, ngan deweuk bae *asa potong leungeun katuhu*, euweuh bapa ilaing teh."

### 3. AYA PEURAH

*Hartina*: aya pangajen (aya kamatihan).

Raden Nari, putrana Rd. Jaya, Wadana pangsiun, matuhna di Ciawi. Dina hiji poe Rd. Nari disaur ku ramana, saurna, "Ujang, ieu duit Rp 100, bawa ku maneh ka Citali, bikeun ka pimitohaeun maneh keur balanja kawin tea, kitu, jeung bejakeun mama jeung ibu teu bisa datang, sabab keur rea gawe."

Raden Nari, "Mugi henteu jadi bendu, mama sareng ibu, kedah kersa jengkar ku anjeun, margi saperkawis ambeh ngeunaheun hatena, kalihna sadaya oge urang dinya geus pada terang ka ama, katilu lamun jisim kuring sorangan, tangtu moal *aya peurah*."

Atawa.

Saur garwa Juragan Wadana ka carogena, "Engkang itu Lurah teh kedah ku engkang ditimbalanana, ambeh narurut, kuring mah teu *aya peurah*."

### 4. AKU PUNGGUNG

punggung = luhur adat.

*Hartina*: Akuan, mere maweh, tapi adatna luhur, ieu aing menak, beunghar, atawa pinter.

Nyimas Ancen nganjang ka Nyi Duri, barang datang, tuluy disodoran samak jeung wadah seupaheun.

Ceuk Nyi Duri, "Nyimas, ieu kana amparan calik teh, sareng mangga ngalemar."

Wangsulna, "Naha alus seureuhna?" Duri, "Awon, eta ge ti

dinya ti Ibu Enden; naha Nyimas tara angkat? Geura mangga urang ameng ka ditu, aya akuan sareng serewel ka tatamu teh.”

Nyimas, ”Ah, embung kami mah ka ditu deui kapok, bener akuan sarta serewel, daek barang bere, tapi geura ka unggal nu nganjang, omonganana teh ieu aing beunghar, ieu aing menak atawa pinter bae; kami mah teu resep, cumah jelemana *aku punggung*. ”

## 5. BALEG TAMPELE

*Hartina*: ditukangeun wani, ari dihareupeun sok era.

Nyi Sanijem umurna meh 14 taun, unggal isuk tara pisan kabeurangan, lamun geus nyaring, tuluy mandi, pek nyisiran di-minyak sarta make papakean nu beresih.

Sanggeus beres, pek digawe, nyieunan roko ditepasna, jeung pikirna sok hayangeun bae papanggih jeung Ki Asdi; tapi lamun pareng papanggih jeung Ki Asdi, manehna sok eraeun atawa geuwat nyalindung ka nu buni.

Demi omong bapana, ”Sanijem, maneh ayeuna geus meujeuh-na boga salaki, ku bapa rek dikawinkeun bae ka Ki Asdi.”

Nyi Sanijem kacida eraeunana, tuluy tungkul bari ceurik, malah ayeuna mah ngewaeun ka Ki Asdi, harita keneh Nyi Sanijem ngenta pindah hayang cicing di bibina nu jauh ti dinya.

Carek indungna ka bapana, ”Bapa Nyai, eta atuh anjeun mah sok saomong-omongna, kapan nyaho budak teu kaopan, najan wani oge ka lalaki, atuh da kakara *baleg tampele*. ”

## 6. BALIK NGARAN

*Hartina*: paeh.

Ceuk Uni, ”Misah, kumaha adi maneh geus balik ti Delina?”

Misah, ”Kapan geus maot di ditu, ka dieu mah ngan *balik*

*ngaran bae.* ”

Atawa.

Carek Si Wasdi, ”Imbrun, naha sia sakitu dinyenyeri ku Si Jaka, nepi ka cicing bae, da salebah aing, ti nimbang jeung di-nyenyeri diwiwirang kitu mah, suka *balik ngaran bae*.”

## 7. BENTANGNA

*Hartina:* panghadena.

Dina poe Salasa aki Nursi jeung nini Nursi, paronyo daharna, sabab mentas digawe, nya eta mentas ngali koneng ti kebonna.

Nini beuki nanakeran kana koneng, dicoelkeun kana sambel oncom.

Aki kaget kacida nenjo Nini sakitu beukina kana koneng, atuh nini ngan dipencrong bae.

Ceuk Nini, ”Aki, naha ari maneh bet ngan mencrong bae, kawas nu kakara panggih.”

Aki, ”Eta aing mah heran ku maneh, ditenjo-tenjona beuki kolot teh beuki koneng.”

Nini ngeunah atina, marukanana atawa rasana beuki koneng teh beuki tegep. Nini imut bari ngadilak omongna, ”Ti baheula oge *bentangna, bentangna*.

Atawa.

Kuda Juragan Patih rea kacida nu aralus, nyaeta: Si Pakurit, Si Nula, Si Paser, Si Meglan, Si Arimbi jeung sajaba ti dinya.

Tina eta kuda-kuda tea *bentangna* mah ngan Si Meglan.

## 8. BENTIK CURUK BALAS NUNJUK

*Hartina:* ngan paparentah bae, teu daek migawe sorangan. Siin, Amen, jeung Wana jaradi bujang di tuan Doktor.

Dina hiji poe eta tilu jelema, diparentah ku dununganana ngabersihan kebon, nya eta jukut-jukutna dikored, susukanana dijeroan, runtah-runtahna disapuan jeung ngagemuk-ngagemuk nu geus teu pati leubeut buahna.

Amen jeung Wana garetol pisan digawena, tapi ari Siin mah melid, teu ari balas ngiuhan dina handapeun tangkal kai nu iuh, bari tanjak-tunjuk menerkeun pagawean baturna, ari manehna mah cicing bae handapeun kai tea.

Amen jeung Wana teu ngeunaheun atina, tina nenjo Siin ngan paparentah bae, tuluy Wana ngomong, pokna, "Siin, naha ari maneh ngan paparentah bae, kapan sarua bujang; ari benerna mah lain kitu, pada bae digawe, montong *bentik curuk balas nunjuk*."

Siin cicing henteu nembal.

## 9. BISI KADENGE KU CAKCAK

*Hartina:* bisi kadenge ku nu goreng biwir.

Juragan Wadana wahel hiji sore gehger, sabab eunteung gede nu aya dina emper payun, peupeus, aya nu maledog.

Si Asmad nu keur babaledogan, batuna milepas ka bumi Juragan Wadana, keuna kana eunteung gede tea.

Kabeneran euweuh nu nganyahoankeun, geuwat lumpat bebeja ka indungna, pokna, "Ema, tadi kuring meupeuskeun eunteung gede kagungan Juragan Wadana."

Indung, "Saha nu nyahoeun, yen sia meupeuskeun eunteung?"

Asmad, "Euweuh nu nyahoeun, kuring geuwat bae ka dieu."

Indung, "Geus atuh ulah rea omong, *bisi kadenge ku cakcak*, tangtu sia cilaka."

## 10. BISI AYA LALEUR PUTIH

*Hartina:* bisi aya kumisi musuh, baturna *bisi kadenge ku cakcak*.

Geus dua bulan embah Wirasantana dibenduanana ku Juragan Aria Patih, teu ditarik teu ditakon.

Ujang Irma, putuna embah Wirasantana, ngomong ka Ki Sarpa, pokna, "Sarpa, naha ari embah ayeuna tara dipariksa, tara disaur ku Juragan Aria, ku naon?"

Sarpa, "Meureun bae da keur dibenduan, pedah eta basa kamari ieu tea eang hajat nyepitan, Juragan henteu dicariosan; tah ku lantaran eta benduna, lain hoyongeun diondang, tapi anjeunna meureun hoyongeun ngaluuhan, tina geus teu asa-as a tea."

Ujang, "Wah, benerna kitu-kitu bae mah teu kudu jadi bendu katutuluyan, naha menak euweuh teuing timbangan; coba mangkukna basa papanggih di Kaum jeung embah, wani ngalieus bari sesemuan teh keding hangit pisan."

Sarpa, "Hih, ujang ulah bedas teuing sasauran teh, *bisi aya laleur putih.*"

## 11. BODAS CEULI

*Hartina:* sieunan; babakuna bolas ceuli ayana dina hayam; demi hayam nu bolas ceuli tea tara dijieu hayam adu, sababna nya eta sok sieun ku paneunggeul, pendekna elehan.

Arwija geus sababaraha kali diajak digawe di Torowongan ku Wira, tapi teu daekeun bae, sabab manehna geus meunang beja, yen sakur nu digawe ka dinya sok gering atawa rea nu katinggang urug.

Dina hiji poe diajak deui jual meuli gula ka Karawang, tapi Arwija teu daek deui bae, omongna, "Wira dewek mah embung jual meuli ka Karawang, bejana di jalanna rea begal, jeung nyao teuing dewek mah ku nu kieu-kieu teh ngan sieun bae."

Ceuk Wira, "Hih, silaing mah moal bisa manggih kauntungan saumur-umur oge, da kieu sieun, kieu sieun; dewek mah teu

sangka, boro dedeg sampe, rupa hade, tapi naha bet *bodas ceuli*.”

## 12. BULU KAPAUT

*Hartina*: kabaud ku batur.

Si Nalsim keur cicing, naleukeum dina pager, teu lila datang Sarpian, pokna, ”Sim, hayu urang ka pasar.”

Nalsim, ”Rek naon?”

Sarpian, ”Teu sing, hayu bae, aya nu perlu.”

Teu lila jol deui Udi, pokna, ”Sim, hayu urang ka pasar.”

Ti dinya tuluy Si Nalsim indit bareng. Barang datang ka pasar, gok bae jeung Alpin. Sarpian jeung Udi henteu tata pasini deui, jol habek-habek bae neunggeulan Alpin.

Kawantu di pasar loba jelema, Alpin pada nulungan, sarta Sarpian, Udi jeung Si Nalsim dirawat ku pulisi, disanggakeun ka Hakim.

Saur Hakim, ”Sarpian, Udi jeung Nalsim! enya maneh geus ngahurup Alpin?”

Wangsul Nalsim, ”Sumuhun teu rumaos, sareng teu uninga ieu pun Sarpian sareng pun Udi bade nareunggeulan pun Alpin, jisim kuring mah rumaos *bulu kapaut bae*.”

## 13. JANTUNGEUN

*Hartina*: lantaran kaget jadi ngahuleng.

Dina poe Saptu Nyi Samsinah ulin jeung adina ka jalan gede, di jalan amprok jeung budak-budak nu pada arulin.

Barudak rame arucing-ucingan, lulumpatan sili suntrungkeun.

Barang Nyi Saminah nenjo kagigireun, adina geus ngadapang diteunggeulan bari diirik ku Si Ame, walahualam ku naon sababna, da kanyahoan geus ngadapang bae, bari diteunggeulan. Nyi Sam-

sinah lain nulungan, adina dikekesek teh, anggur hookeun bae kaget.

Carek Si Bungsu, "Nyi Samsinah, naha eta dulur dikekesek teh bet *jantungeun* lain ditulungan."

#### 14. JEJER PASAR

*Hartina*: nuduhkeun ka rupa jelema, goreng henteu, hade henteu.

Aki Wija incuna geus jadi jurutulis. Hiji poe aki ngomong pokna, "Ki jurutulis, umur maneh geus 19 taun, geus meujeuhna boga pamajikan, sabab lamun teu geuwat-geuwat matak jadi timburu batur, nganjang ka nu boga salaki, matak ditimburukeun, geura ari boga pamajikan mah, nu ngalayanan aya, boga rejeki saeutik-eutikeun dipetakeun ku pamajikan.

Jurutulis, "Mangga aki kuring gaduh bojo, tapi hayang ka Nyi Sarem, anak Lurah pareman, bejana geulis naker."

Aki, "Hade, da lagas, henteu ari geulis mah, ngan budakna bisa make, ari rupana mah *jejer pasar*."

#### 15. DIBALIK NGARAN

*Hartina*: dibalik aturan, nya eta nu nginjeumkeun jadi nu nginjeum.

Asta ngomong ka Wangsa, pokna, "Wangsa, cing emang nginjeum duit Rp 50; mangke dina taun hareup, ku emang dibayar deui jadi Rp 75."

Walon Wangsa, "Sae, tapi emang kudu nyieun tanda tangan narima boga hutang ka kula; bener kula percaya ka emang, tapi nya eta bisi pondok umur sala saurang."

Asta nyahoeun, yen Wangsa henteu bisaeun maca surat; tuluy bae disanggupan, pokna, "Hade, mangke sore emang ka dieu deui bari mawa tanda tangan."

Sorena Asta geus jol datang mawa surat tanda tangan, kieu unina, "Kula geus narima boga hutang ka Asta reana Rp 75 (tujuh puluh lima rupia), perjanjian kaula, baris mayar taun hareup, lamun kaula henteu bisa mayar, sawah kaula sabau, anu baris pi-gantieunana.

*Tanda tangan kaula nu boga hutang.*  
WANG X SA.

Omong Wangsa, "Enggeus nyieun tanda tangan teh?" Asta, "Enggeus, tah geura rawatan, kade ulah aya nu nyahoeun, da era."

Tuluy eta surat dicokot ku Wangsa bari diteundeun kana geledeg gede; ari Asta, sanggeus nampa duit Rp 50 tuluy balik bari suka ati.

Eta kalakuan Asta ngabalik ngaran, jadi Wangsa nu *dibalik ngaran*.

## 16. DIDOGDOGAN, DIGOONGAN

*Hartina:* dibibitaan.

Embah Sipan meunang kateungeunah ti anakna lalaki Ki Astar, tuluy pundung ngamukim di anakna awewe, sarta geus ngomong, yen manehna rek meuli lahan katut imahna di lebah dinya.

Ki Astar geus sababaraha kali ngala bapana, tapi weleh teu daekeun.

Hiji poe Ki Astar ngajurungkeun panutupan, pokna, "Lamun bapa geus teu karunya ka anak, sarta geus embung papanggih jeung incu, rek pindah bae ka jauhna, sarta lamun daek pindah, rek dipangmeulikeun papakean nu aralus."

Ari omong Embah Sipan, "Perkara rek pindah jeung anak bojo ka jauhna, jig bae, hanas aing tea moal balik deui, masih *didogdogan digoongan oge.*"

## 17. DIWAYANGKEUN

*Hartina:* diomong-omongkeun (ditarita-caritakeun) boh kahadean, boh kagorengan.

Nyi Armi dulurna ditangkep ku pulisi, dosana ngampihan kopi gelap; unggal poe manehna tara aya di imahna, ngan ngider bae ka tatanggana ngomongkeun dulurna, pokna, "Henteu nyana boga dulur teh bet daek kitu, atuh jual meuli mah nu terang bae."

Eta kalakuan Nyi Armi kitu, kanyahoan ku bapana; ceuk bapana, "Armi, eta maneh ulah kitu, deungeun-deungeun mah kana kasalahan atawa wiwirang dulur teh dipinding-pinding, ieu mah hayoh *diwayangkeun* ka unggal imah."

## 18. DIJUAL KA APU SAKEBUL

*Hartina:* dimumurah.

Nyi Amsir diserahkeun ku Ujang Aong, tina geus euweuh duriat, demi babandaan atawa barang-barang di jero imah kabeh dibikeun ka Nyi Amsir.

Ayeuna Nyi Amsir kudu balik ka indung bapana, tapi jauh; jadi kapaksa eta barang-barang tea kudu dijualan heula baris pibekaleunana. Harita keneh, tuluy dilelangkeun sarta dimumurah, saperti: kelir nu tadina dibeulina Rp 5, ayeuna ngan dijual Rp 1,50; kasur nu harga Rp 18 ayeuna dijual Rp 3.

Carek Aong, "Amsir, atuh ulah dimumurah, nyaah, kapan maneh nyaho meulina."

Jawab Nyi Amsir, "Paduli teuing masih *dijual ka apu sakebul* oge, da geus jadi banda kami."

## 19. DIBUNI BAU

*Hartina:* disidem.

Mudiam jadi Jurutulis Camat Paseh. Hiji poe manehna rekes

menta jadi Jurutulis Wadana di mana bae.

Kira geus tilu bulan lilana, Camat meunang beja ti tuan Kontrolir, yen Mudiam bakal jadi, ayeuna keur disuhunkeun, supaya jadi Jurutulis Wadana Karang.

Camat tuluy ka imahna Mudiam, saurna, "Mudiam, permintaan maneh tangtu dikabul."

Mudiam, "Nuhun; di mana?"

Camat, "Teu nyaho teuing, kumaha mangke bae, ngan jadi tangtu."

Mudiam atoheun pisan, meueus-meueus ngadeuheus ka Camat, tuluy naros; tapi nya kitu bae cara tadi, henteu dibejakeun di mana tempatna mah. Carek bojona, "Akang di mana saur Juragan jadi Jurutulis Wadana teh, jeung iraha?" Mudiam, "Nyao teuing, di mana-manana mah, atawa tereh-terehna, da ku Juragan *dibuni bau* bae."

Atawa.

Mursin geus 2 poe ditahan di Kawadanaan, aya dosana. Nu matak teu acan dipariksa, Juragan Wadana tacan sumping ti pangrondaan.

Mursin ngomong ka Jurutulis, pokna, "Juragan, naon dosa kuring teh, nu mawi ditahan di dieu?"

Jurutulis, "Henteu nyaho; eta sugar, nu karasa ku maneh, naon dosa teh?"

Mursin, "Nya eta teu hartos, nu mawi tumaros tea oge."

Jurutulis, "Cicing bae ayeuna mah, engke oge Juragan sumping."

Sabot Mursin nunggu di Kawadanaan, jebul adina neang bari tuluy nanya, pokna,

"Na ku naon akang teh ditahan di dieu?"

Mursin, "Teu nyao teuing, da nanya akang teh ka Jurutulis, bet *dibuni bau* bae."

## 20. DITEGAL-AMBAKEUN

*Hartina:* dibalabahkeun, saha bae nu daek make (diamal-jariahkeun).

Ceuk Ahim ka Saun, "Kang, kumaha ari Arsain, masih di gunung keneh?"

Saun, "Duka, da sok kapanggih di dieu bae geuning; sasarina, enya ka dieu tea mah, tapi ngan ukur sapoe dua poe bae; ari ieu bet geus leuwih tilu minggu di dieuna."

Sabot ngaromong kitu, jol embu Emi, tetehna Arsai. Ceuk Ahim, "Tah, eteh, kumaha ari Arsain masih keneh ngahumana di gunung teh?"

Wangsulna, "Hih, ujang, geus heubeul balikna ti gunung, meh kadua bulan ieu."

Ahim, "Naha dikasahakeun kebonna?"

Eteh, "Teu dikasaha-sahakeun, ayeuna mah *ditegal amba-keun bae.*"

## 21. DOGDOG PANGREWONG

*Hartina:* ngabaturan purah ngagembongan-gembongan.

Asdam jeung Ijab guntreng bae, keur nguruskeun jual meuli kebon. Teu lila jol Arhaman, milu ngomong, nanyakeun naon-naon, nambalang-nambalang bae, malah ngahayu-hayu ngajak lalajo wayang ka Asdam.

Ijab nyentak ka Arhaman pokna, "Arhaman, maneh geura los indit, jadi *dogdog pangrewong bae.*"<sup>1)</sup>

---

<sup>1)</sup> "Dogdog pangrewong" hartina nu teu bisa ngabantuan ka nu barisa; jadi ngagokan. Misilna: Ah, kuring mah ngabantuan nyieun imah soteh, jadi dogdog pangrewong bae, da taya pangabisa.

Ieu paribasa asalna tina ogel: bodorna sok ngagokan ku dogdogna ka nu keur nabeuh bener.

## 22. ELOK BANGKONG

*Hartina:* sakarat tunggu-tunggu dawuh, nurutkeun adat jelema nu keur sakarat tikorona sok elok-elokan henteu eureun, saperti bangkong, malah sok disebut eta jelema keur elok bangkong, nya eta hartina keur sakarat tunggu-tunggu dawuh.

Aki Jamal geringna geus lila, ayeuna nuju payah, atuh nu ngalayad teh rabul bae ka imahna.

Bapa Samar nu entas ngalayad di aki Jamal, ditanya ku suanna pokna,"Ua, kumaha aki Jamal teh aya senangan ?"

Ceuk Bapa Samar, "Wah taya petana bisa menyat deui, saperkara geringna payah, kadua ongkoh bae jelemana geus asak, malah ayeuna oge keur *elok bangkong bae*."

Atawa.

Sok aya nu make, nuduhkeun hayang barang hakan henteu kop, batur-batur mah barang hakan, manehna henteu.

Si Taji imahna pahareup-hareup jeung Daen. Hiji poe Daen, katatamuun ku sobat-sobatna ti sejen lembur, balakecrakan barang dahar di tepasna.

Si Taji kabitaean pisan, tapi ku Daen teu disambat, nyao ku naon lantaranana; ku sabab kitu Si Tarji ngawaskeun bae ti jero imahna; lamun nu barang hakan tea keur neureuy cau atawa dodol, Si Taji milu di imahna neureuy, tapi neureuy kosong bae.

Pasosore datang indungna ti panyabaan, barang jol Si Taji, tuluy carita, pokna, "Ema, tadi di Daen rame rea semah, mani balakecrakan barang hakan."

Indung, "Sia diajak?"

Taji, "Henteu, kuring mah *elok bangkong bae* di dieu sorangan."

## 23. GAGALANA

*Hartina:* jagona (pangbedasna).

Si Saenan jelema jangkung gede, katambah bisa bisao ari katurug-turug karesepna menca.

Dina pepencaan tara pati aya nu ngasupan, tina sieun ku linggirikna.

Jadi Si Saenan pikirna ieu aing jagona bae. Dina hiji peuting aya nu nanggap penca di nu kariaan. Si Saenan atoheun pisan, sabab pikirna di mana asup kana pakalangan, rek pependekan, ambeh aya nu ngalawan.

Bener saniatna tadi dilampahkeun. Kakara bus kana pakalangan, geus jol aya nu ngalawan.

Si Saenan tuluy ka tukang kendang bari ngomong lalaunan, nitah dipadungdungkeun. Harita keneh diturut ku tukang kendang, ger sili teunggeul, sili kael.

Ayeuna Saenan cilaka, sabab cukang irungna kateunggeul, terus rubuh kapaahan.

Barang geus tetela nu rubuh teh Si Saenan, nu lalajo surak kabeh sarta ngaromong bedas, "*Gagalana* kasambut! *Gagalana* kasambut!"

## 24. GALEGEH GADO

*Hartina:* jelema nu resep ngomong-ngomongkeun, boh kagorengan, boh kahadean.

Dirta cacarita ka bapana, pokna, "Pa, cikeneh kuring jeung Sipin mentas nganjang ti Idin; lah, aya loba kanyahona, sagala kagorengan batur teh dicaritakeun, sumawonna nu pantes diomongkeun, najan nu kurang pantes teu aya pisan halangan, wani batur mah euweuh nu ngomong sakecap-kecap acan."

Bapa, "Ujang, kade maneh ulah loma jeung Idin, sabab sagala rasiah nu kanyahoan ku manehna, tara dikemu, sok tuluy bae dipake nyuguhan semah; bapa mah teu resep, da eta jelema *gelegeh gado*."

## 25. GELEDUG CES

*Hartina:* nu boga gawe, disohorkeunana baris kajadianana gede, tapi kajadianana leutik, disohorkeunana jiga rek rame, tapi tiiseun.

Mas ngabeui Taruna Yuda, jelema beunghar.

Hiji mangsa manehna rek nyunatan anakna, tuluy badami jeung dulur-dulurna awewe-lalaki rawuh sobat-sobatna, hayang meakkeun duit Rp 2000, munding hayang meuncit wates 20, sapi 10, sarta rek ngondang sobat-sobatna nu jauh-jauh menak-menak, malah karepna hayang ngondangan Regen-regen, jeung tuan-tuan sarta lilana pesta hayang 7 poe, 7 peuting.

Eta carita geus ger ka mana-mana, yen Mas Ngabeui Taruna Yuda rek kariaan rame.

Tapi kajadianana henteu kitu, nyao ku naon sababna nu matak kitu, sabab dina waktuna kariaan, ngan nanggap wayang kulit sapeuting jeung ronggeng ketuk tilu sapeuting, ari ondang-anana ngan sakur anu dareukeut bae.

Si Tarun, nu keur lalajo wayang, ngomong ka Ipan pokna, "Ipan, naha kariaan teh bet tiiseun, da ari caritaan mah rek kieu, rek kieu."

Ipan, "Enya, ieu mah kariaan teh *geledug ces.*"

## 26. HURUNG NANTUNG, SIANG LEUMPANG

*Hartina:* sarua bae jeung *Bur beureum bur hideung* dina jilid ka I No. 12.

## 27. INDUNG SUKU GE MOAL DIBEJAAN

*Hartina:* baraya nu landes oge moal dibere nyaho.

Tuan haji Baru, unggal poe datangna ka Imah Tamen nepi ka dua tilu kali datangna.

Wangsa Jaya, nu hayangeun nyaho, naon rasiahna nu matak eta tuan haji sok ka dinya bae, pasosore nyalukan ḫa Si Tamen. Barang datang, ceuk Wangsa,"Men, Cing dewek bere nyaho, rek naon eta haji Baru teh unggal poe bae ka-silaingna, wani dua tilu kali sapoena?"

Tamen, "Ah, moal dibejakeun rasiahna mah, da ceuk kang haji oge kade ulah loba omong, pokna peupeujeuh, sabab era lamun aya nu nyahoeun; boro-boro bebeja ka anjeun, kuring mah *indung suku oge moal dibejaan.*"

## 28. IPIS KULIT BEUNGEUT

*Hartina:* gede kaera, sabalikna tina kandel kulit beungeut, dina buku jilid ka III no. 36.

## 29. KABAYAHKEUN

*Hartina:* kaelehkeun; babakuna kapakena di nu dicandung.

Nyi Armisem lakian ka Ki Wangsa. Lila-lila Ki Wangsa nyandung ka Nyi Sijem sarta dikilir lima peuting sewang.

Barang kira-kira geus meunang tilu bulan, kilirna sok lila di nu ngora, ari di Nyi Armisem ngan 2–3 peuting, tapi ari di Nyi Sijem mah nepi ka 10 peuting. Lila-lila pot pisan Nyi Armisem mah tara dikilir jeung tara dibere balanja.

Tina Nyi Armisen kacida bingungna jeung erana, tungtungna iklas kana diri, tuluy malidkeun maneh kana walungan gede, ngan kabeneran bae aya anu nganyahoankeun, geuwat Nyi Armisem ditulungan.

Ceuk Si Darsa ka indungna, "Ema, ku naon Nyi Armisem malidkeun maneh?"

Indung, "Atuh meureun bae malidkeun maneh oge, da di-nyenyeri ku salakina, teu dikilir, teu dibalanjaan; ari salakina matuh bae di nu ngora."

Darsa, "Oh, paingan atuh, ari *kabayahkeun* mah."

### 30. KATUMBUKAN CATUR KADATANGAN CARITA

*Hartina:* kadatangan panyerewedan (jadi pepentogan batur).

Kiai sepuh ngawuruk ka santri-santrina, saurna, "Barudak, lamun maneh hayang salamet, kudu kieu kajeun, kieu kajeun, manggih lampah batur anu kurang hade, kudu ingkeun bae, ulah diomong-omongkeun, nya eta bisi *katumbukan catur, kadatangan carita.*"

Atawa.

Sayub ditanya ku Narpin, omongna, "Sayub, enya ilaing nyaho, basa Si Omang dibaledog ku Mian?"

Sayub, "Teu nyaho dewek mah."

Narpin, "Teu umum, montong ngangles, geuning silaing carita ka Si Empen, ceuk silaing, "Reuwas ku Si Omang, dibaledog ku Si Mian, sugaran teh tuluy paeh." Geuning kitu."

Sayub cicing henteu nembal.

Narpin, "Ari ayeuna silaing montong nampik, sabab bakal diasupkeun jadi saksi."

Sayub reuwaseun pisan, tuluy balik bebeja ka bapana, pokna, "Pa, cilaka kuring bakal katarik jadi saksi, sabab kuring nyarita ka Si Empen, yen Si Omang dibaledog ku Si Mian."

Bapa, "Tah, ceuk aing oge, lamun manggih nu kieu-kieu ge montong sok diomongkeun, kumaha ari kitu tungtungna jadi *katumbukan catur, kadatangan carita.*"

### 31. KAHASILAN NGENCA NGATUHU

*Hartina:* kahasilan ti mana-mana (datangna kahasilan lain tina sarupa bae).

Haji Salam jelema pinter kacida, ngarahna kahasilan lain tina

sarupa bae; manehna nyawah, ngebon suuk, ngebon kai, ngajalankeun dokar, nginjeumkeun duit jeung melak lauk. Eta nu sakitu kataekan kabeh.

Si Sair, bujangna, nyarita ka Aun, tatanggana, pokna, "Aun, dewek mah kaget ku juragan, sapoe-sapoe teh teu aya pisan reuehna, nguruskeun itu, nguruskeun ieu, ti isuk nepi ka burit tara cicing, malah sakapeung mah poho dituang-tuang acan; kakara tuang pukul 8 atawa pukul 9 peuting; jeung eta, euy, resepna teh, ana nenjo keur nampa duit, ngalayah duit perak jeung duit keretas, nya eta kahasilan tina suuk, tina pare, tina ladang lauk, murudul unggal poe."

Ceuk Aun, "Naha da dewek oge nyaho, kamari ieu oge, basa jeung bapa, nya kitu, juljol jelema nu ngalanteurkeun duit, atuh kumaha teu rek beunghar, da *kahasilan ngenca ngatuhu*."

## 32. KACIWIT KULIT KABAWA DAGING

*Hartina:* lamun baraya urang meunang wiwirang lantaran kalakuan goreng, saperti dibui lantaran ngadu, urang sok milu era.

Bapa Tahun ngomong ka adina ngaran Ego, pokna, "Ego, cing eta anak silaing si Musar, warah sing enya, ulah sina ngadu teuing jeung sok maling atawa ngarinah, ari ayeuna sabudi akal, supaya ulah kitu bisi cilaka (katangkep)."

Ego, "Keun bae kaka, kuring mah enya oge anak, teu rek ngaharu-haru da geus gede, ngeunah teu ngeunah meureun karasa ku dirina."

Bapa Tahun, "Geuraheun, da ari geus cilaka mah urang milu era, geuning bareto, basa manehna dibui lantaran nipi ka si Ukim, urang *kaciwit kulit kabawa daging*."

### 33. KELEK JALAN

*Hartina:* Hese jalan, lantaran jauh ti jalan gede atawa jalan kareta api; atawa ku lantaran kahalangan ku walungan jero, ku kikis jeung jaba ti eta.

Yasin jeung Kunteng imahna teu jauh paeunteung-eunteung, ngan kahalangan ku walungan jero, Kunteng wetaneun walungan, Yasin kuloneunana.

Dina hiji poe pasosore, Yasin rek mandi, jol Kunteng datang ka sisi cai, ceuk Yasin bari ngomong bedas, "Kunteng, rek mandi?"

Kunteng, "Enya kang."

Yasin, "Cing engke sore ka imah, akang rek hajat nadar."

Kunteng, "Ulah bendu, sumangga lajengkeun bae, ari margin ma'lum poek bulan, meuntas da puguh jero sareng tarik, ari muter ka sasak ka kaler, tebih teuing; bener urang padeukeut, pantes sili anjangan, nanging teu bisa, da *kelek jalan*."

Atawa:

Ceuk Ongkab ka Sapo, "Kang, di mana ayeuna calik teh? bet geus lami pisan tara patepang-tepang."

Sapo, "Kapan ayeuna mah akang teh di Cicurug geus meunang lima usum."

Ongkab, "Aeh, aeh! kapan kuring sok pulang anting, ka Bogor jeung ka Batawi, tapi tara tepang jeung akang; kumaha bumi teh jauh ti halte?"

Sapo, "Atuh puguh jauh mah, kira aya 6 pal ti halte."

Ongkab, "Leuh hanjakal, lamun teu kelek jalan mah, meureun ari ka Batawi teh, nyimpang heula ka akang."

### 34. KOKORO NYOSO, MALARAT ROSA, LEBARAN TEU MEUNCIT HAYAM

*Hartina:* miskin kabina-bina.

Nyi Jarmi datang ka uana bari midangdam. Uana kaget, pokna, "Ku naon nyai, nu matak nyai ceurik?"

Wangsulna bari aluk-alukan, "Duh, ua, kuring pada nyarekan ku anak-anak Ki Sapar, abong-abong ka nu geus teu indung teu bapa, mana kabina-bina teuing, nyarekan si malarat, si miskin; ti bareto ge kuring mah teu beunghar, da puguh *kokoro nyoso, malarat rosa, lebaran ge teu meuncit hayam.*"

Ua, "Meugeus-meugeus, keun bae montong dipake ati."

### 35. KOLOT SAPEUTING

*Hartina:* kolot euweuh kanyaho (bodo) diupamakeun ka budak, anu kakaran dijurukeun sapeuting, tangtu tacan aya kanyahona.

Dina poe Rebo pasosore paman Saidin, disaur ku Juragan Panghulu. Barang datang, saur Juragan, "Paman, kula pangnung-guankeun lembur jeung imahna, di ditu di Bojong, sabab kaula teu boga jelema nu baris mulasara eta imah jeung barangna, ari lalahan didinya teh rea pisan kahasilanana. Ayeuna paman geura pindah bae ka ditu bawa anak rabi; dimana imah aya nu ruksak, geuwat omean, pióngkoseunana nyokot bae tina ladang bubuhan nu aya di dinya; sasesana dipake ongkos-ongkos teundeun sarta dina sataun atawa satengah taun sakali, kudu dilaporkeun sarta kaula; demi baris paman meunang 20 %, tina beubeunangan-na."

Wangsul paman, "Bo, Juragan, mugi ulah jadi bendu bae, pangjisim kuring sakieu ruksakna oge teu aya sanes lian ti bodo, kieu teu bisa, kieu teu bisa; boro-boro nguruskeun kagungan anu sakitu legana, sakalieun ngurus lahan kuring oge teu bisa, teu puguh hasilna, tina teu bisa ngurusna; ari ayeuna jisim kuring panuhun bae, tina rumaos jadi *kolot sapeuting.*"

### 36. KUMAHA BULE HIDEUNGNA

*Hartina:* kumaha buktina.

Amsar ngomong ka baturna nu ngaran Said, pokna, "Said, urang leumpang ka Karawang, bejana di ditu aya anak dewek nu leungit tea ngaran Si Jumar."

Said, "Eta beja ti saha?"

Amsar, "Ti urang Karawang, pokna di ditu aya budak ngaran Jumar, teu bogaeun baraya, taksiran dewek nya eta anak dewek tea."

Said, "Pikir heula ulah rusuh, hanas urang karugian ku ongkos-ongkos ari datang teh ka ditu bet lain. Kumaha mun kitu?"

Ceuk Amsar, "Hih euy, ari bela mah silaing ka dewek, hayu urang teang bae, rugi pon rugi, hanas *bule hideungna* mah, nya kumaha mangke bae."

### 37. KOKOJONA

*Hartina:* pangbisana (pangpinterna).

"Sim, Sim!" ceuk Masro.

"Aya naon", ceuk Kasim.

Masro, "Urang ka meja bola Udi, geura resep nenjo totogan ujang Oyo."

Kasim, "Naha kumaha totoganana, sarua jeung Mas Santa?"

Masro, "Hih jauh, geura mangke tenjo, mundurkeunana bola oge euweuh nu nepi; salila dewek resep kana maen bola, euweuh nu bisa cara kitu; ditenjo epekna rea, ngenyedna bisa, ipis mah pon pilalagi, konterpekna tara gagal. Bola teh, lamun ditotog ku ujang Oyo, wani jiga hirup sorangan, da di sanagara ieu mah ngan maneh-na *kokojona*."

### 38. LABUH DIUK TIBA NEUNDEUT

*Hartina:* sarua pada salahna, (sarua cilaka).

Ujang Adun ngomong ka sobatna ngaran Sarpin, pokna,

"Pin! Ari endog hayam anu burung naon ngaranna?"

Sarpin, "Ari endog burung mah ngaranna *malang kancing*."

Adun key bae seuri pipingkelan, pokna, "Teu umum bae tibalik."

Sarpin, "Na kumaha atuh?"

Adun, "Ari endog burung mah ngaranna *kancing malang*."

Sabot eta dua jelema ngaromong kitu, kadenggeun ku Yuda, pokna, "Eta kabeh salah, malang kancing lain, kancing malang lain, endog burung mah ngaranna *torok mokmok*."

Tah eta kalakuan 3 jelema kaasup kana paribasa *labuh diuk, tiba neundeut*.

Hartina: salah kabeh.

### 39. LESANG KURAS

*Hartina:* teu bisa ngampihan rejeki.

Ujang Rebo budak rea nu asih; unggal-unggal nu datang ka imahna, kudu bae barang bere, boh duit boh pakean.

Ngan hanjakal budakna royal teuing, lamun boga duit pamere, luhur saperak, handap tilu baru, tuluy bae, jajan sakarep-karepna, tara beunang dihulag ku kolotna.

Upama aya nu mere baju, ngan ukur sapoe, kaduana mah geus dijual atawa dibikeun ka baturna ulin.

Sok rajeun digelendeng ku kolotna, pokna, "Rebo, ari rejeki maneh teh teu wudu purug, ngan hanjakal maneh teh teu bisa gemi, ari dipapatahan, anggur jamedud rek ceurik, dideuleudeuleuna ku aing maneh mah bet *lesang kuras*."

### 40. LEUTIK BURIH (LEUTIK PUCUS)

*Hartina:* leutik hate, meh sarua bae jeung *bodas ceuli* dina ieu buku No. 11.

## 41. LUHUR KUTA, GEDE DUNYA

*Hartina:* Nya gagah, nya beunghar.

Mas Jagasatru kaceluk jelema beunghar, boga anak hiji awewe, ngaranna Nyai Sudimah.

Hiji poe Nyai Sudimah ngariung jeung batur-baturna bari gogonjakan sili jangjaruhkeun sili poyok; lila-lila heureuyna kalepasan datang ka pasea jeung Si Umi, anak tukang soto. Ceuk Nyai Sudimah, "Umi, naha sia omongan teh matak ngewa teuing, naha boga naon dipake teuing kumaki, kawas teh beh gedongna, beh sawahna; ieu mah pira kabogana ge ngan tanggungan soto."

Jawab Si Umi, "Paduli teuing teu boga sawah gedong oge, deuleu! Pedah eta anak nu beunghar? Ari ngunghak mah kudu diajar. Ieu mah olo-lo! Masih *luhur kuta, gede dunya* oge, aing mah teu sieun."

## 42. MALIK KA TEMEN

*Hartina:* asal banyol, jadi enyaan.

Ahmad ngomong ka pamajikanana, pokna, "Jumsi, lamun maneh jadi haji, tegep temen."

Jumsi, "Naha, da akang oge lamun jadi haji kewes."

Ahmad, "Wah, puguh maneh, lamun jadi haji teh, heg ditele-kung pasmen, ampuh temen."

Jumsi, "Komo akang mah, geura, lamun pek nganggo dastar bodas, jubah beureum pek nganggo tarumpah atawa selop, saku-maha pitegepeunana." Bari tuluy saleuseurian jeung dulur-dulurna.

Heuleut dua poe ti saentas heuheureuyan, Ahmad beuki kacida mikir, boa enyaan, lamun jadi haji teh tegep. Tuluy bae ngajual sawahna sarta Nyi Jumsi rek dibawa.

Barang geus sadia duit, tuluy ngomong ka indungna, pokna, "Ema, sing hade-hade di dieu, kuring rek munggah haji; ari

tuangeun itu bae tina sawah girang, jeung kuring doakeun supaya salamet.”

Indungna seuri bari ngomong, ”Heueuh, maneh banyol teh *malik ka temen*, heug atuh didoakeun ku ema.”

#### 43. MEPETEK

*Hartina*: malarat, nurutkeun kaayaanana lauk pepetek, bangunna gepeng, teu rea dagingna.

Ki Tanu dipariksa ku Juragan Patih, saurna, ”Tanu, ari Ki Murin ayeuna aya keneh?”

Tanu, ”Sumuhun aya, salembur sareng bapana.”

Patih, ”Masih keneh jual meuli sapi?”

”Henteu, ayeuna mah pingges modal, margi manehna udur panas, ari parantos cageur, teu tiasa ngajalankeun deui pagaweanana, da ngan tiktokbrek bae.”

Patih, ”Ari bapana lega keneh sawahna?”

Tanu, ”Parantos dijualan, dipake mulasara namba-namba keun Ki Murin; ayeuna mah bapana oge parantos *mepetek* pisan.”

#### 44. MEUBEUT MEULIT

*Hartina*: mamawa.

Hiji peuting kira wanci sareureuh budak, Ki Arsin datang ka imah aki Siam. Barang lebah golodog tuluy ngomong, pokna, ”Punten nun.”

Aki Siam, ”Rampes, saha eta?”

Arsin, ”Kuring ti landeuh.”

Aki, ”Sada Ki Arsin? baeu calik!”

Tuluy Ki Arsin unggah. Ari geus diuk tuluy ngomong, pokna, ”Aki, cik kuring tulungan, pangbejakeun ka Ki Api, lamun sakalikali deui mendet huluwotan kuring, tangtu ku kuring

didawakeun ka Lurah atawa ka Juragan Camat.”

Jawab aki Siam bari semu reuwas, ”Beu! ujang ulah nitah aki, da aki geus kolot, embung milu-milu kana panyerewedan, sieun kababawa.”

Arsin, ”Naha kababawa kumaha? ieu mah ngan mangbeja-keun.”

Aki, ”Hih, teu kitu; mangke, lamun kajadian, meureun Aki kababawa; pendekna, embung aki mah ngabejakeun, sieun meubeut meulit.”

#### 45. MIPIT TEU AMIT, NGALA TEU MENTA

*Hartina:* maling.

Ki Kodok, suanna Asisor, ungal peuting sok ka kebon Asisor, malingan jeruk bali, paseh jeung jeruk ragi. Nu matak wani malingan di dinya, sabab pikirna Ki Kodok, najan kapanggih ku uana, moal datang ka dihukum.

Wates tilu-opat nepi ka lima kali mah, teu kanyahoan, ngan ngajadikeun heran bae ka Asisor, sabab jerukna nu sakitu leubeutan, ayeuna jadi corengcang jeung euweuh nu kolot.

Tina Asisor panasaran sarta boga pikiran tangtu ieu jeruk aya nu malingan, sorena pek diintip di kebonna jeung bujang-bujang-na.

Barang geus pukul 9, jol Ki Kodok dodongkoan, mawa colen; terus ngadamaran jeruk. Harita kabeneran ngadamaran palebah nu asak; geuwat diala, bari tuluy mipitan jeruk paseh jeung jeruk ragi.

Sabot keur mipitan pek disampeurkeun ku Asisor jeung bujang-bujangna tea bari dicekel.

Ari disidikkeun bet Ki Kodok; tuluy dibawa ka buruan sarta diriung ku salembur eta.

Asisor, ”Nya ieu duruwiksana, nu sok ngabadogan jeruk teh;

bet lain deungeun-deungeun anak sorangan; ayeuna aing rek ngala pulisi, supaya sia dibui.”

Indung Ki Kodok ngarawu sukuna Asisor bari ceurik pokna, “Duh, akang, mugi aya hampura akang, eta Ki Kodok ulah diperkarakeun, era; dilain-lain oge akang ka dinya teh anak.”

Asisor tuluy indit, bari gegelendeng, pokna, ”Hade ngan ulah deui-deui, aing mah teu resep ka jelema sok daek *mipit teu amit, ngala teu menta.*”

#### 46. MICEUN BEUNGEUT

*Hartina:* embung nenjo, ku lantaran aya kangewa atawa kaera, beungeutna teu disanghareupkeun, tuluy ngabalieur api-api aya nu ditenjo.

Umsah geus dua taun bogana hutang Rp 10 ka aki Wijar; unggal-unggal ditagih ngan engke isuk bae; tungtungna aki Wijar boseneun, tara ditagih deui. Kitu deui Umsah, ana paamprok di jalan di pasampangan, tara daekeun nenjo ka aki Wijar, tuluy ngabalieur bae api-api aya nu ditenjo, supaya ulah nenjo ka aki Wijar.

Hiji mangsa Umsah keur aya di warung, sabot keur ngomong jeung nu boga warung, lar aki Wijar ngaliwat. Geuwat Umsah ngabalieur bari nunjuk kana tangkal rambutan, pokna, ”Ari ieu rambutan teh cangkok atawa siki?”

Tukang warung, ”Cangkok.”

Umsah, ”Itu jeruk naon? Ti mana meunang?”

Jeung rea-rea deui nanyana. Demi geus aki liwat, manehna geuwat indit.

Barang aki datang ka imahna, tuluy ngomong ka pamajikan-ana bari seuri, pokna, ”Nini, bieu di warung dewek papanggih jeung Umsah, tapi barang reret oge kadewek, ana balieur teh *miceun beungeut*, da eraeun.”

## 47. MICEUN BATOK, MEUNANG COET (MICEUN COET MEUNANG BATOK)

*Hartina:* miceun nu goreng, hayang meunang nu hade; ana meunang goreng deui.

Irpan jadi tukang nambangan. Ku sabab manehna boga kuda kebluk, henteu senang pikirna, sabab elat pisan meunangna kawuntungan; bener eta kuda henteu aya adat, ngan ku kendor dipakeuna bae.

Ti dinya Irpan boga niat ngajual eta kuda sarta ladangna rek dibeulikeun deui ka nu hade, tur gancang. Tuluy kuda teh diiderkeun. Barang geus ditawar sarta kurang saeutik tina pameulina, ku manehna dijual bae. Demi geus katampa duitna, geuwat meuli deui kuda sejen sarta prak dipake kana dokar. Ari pek dijalankeun, kuda teh bet kebluk deui bae.

Ti dinya pek deui dijual, dibeulikeun deui duitna kana kuda sejen. Bet nya kitu deui bae, goreng; bener rada gancang jalanna, ah, ieu mah unggal-unggal rek mangkat sok mogok, jadi sasat kendor keneh bae.

Ceuk bapana, "Irpan, ari sia boga kuda teh euweuh nu kabeneran. Cing atuh nyiar nu alus, ieu mah *miceun coet, meunang batok.*"

## 48. MOAL NEANGAN JURIG TEU KADEULEU

*Hartina:* moal neangan nu teu bukti.

Nyi Pari geus dua poe rawah-riwih bae ceurik bari ngariring-kik, nya eta kaleungitan anakna awewe.

Ti dinya manehna meunang seja, yen anakna dibawa ku si Saikem, sarta aya saksina. Geuwat ditanyakeun, si Saikem ngaku, yen dina poe mangkukna nyaba reureujeungan lalajo jeung manehna, tapi duka ka mana losna.

Nyi Pari geuwat ngadeuheus ka hakim. Barang

datang pok unjukan, "Nun juragan, pang jisim kuring ngadeuheus, ngunjukkeun pun anak awewe leungit; demi diilari raratanana, bet dibabawa ku pun Saikem; dupi ditanyakeun ka pun Saikem, pokna, duka."

Eta sadaya-daya henteu langkung nu ti payun; jisim kuring mah, *moal neangan jurig teu kadeuleu*, nya pun Saikem bae nu nyumputkeun atawa nganiaya pun anak teh."

#### 49. NGAHIHILEUDAN

*Hartina:* ngagogoreng.

Rd. Dirja geus heheotan bae bari edeg-edegan di tepasna, keur ngadago-dago nu rek mayar ladang kudana, sabab manehna geus ngajadikeun jual meuli 1 kuda jeung paman Salib, harga 300 rupia.

Teu lila paman Salib datang bari semu susah, pokna, "Raden, mugi ulah jadi bendu, karana pun paman teu tiasa rek meser kuda teh, margi duitna parantos digasab ku pun anak."

Raden Dirja kacida hanjeluna, tina hanjakal teu tulus. Wang-sulna bari humanduar,

"Nya taya kumaha, ari teu tulus mah."

Sorena Raden Dirja tuluy neangan keterangan, naon sababna nu matak paman Salib teu tulus meulina kuda.

Ana beh manggih keterangan ti tua Kampung, pokna, "Raden, paingan paman Salib teu tulus meulina kuda, sabab digogoreng ku Si Jaru, pajarkeun eta kuda goreng adatna jeung mindeng ingus."

Raden gogodeg, pokna, "Atuh paingan teu tulus, da Si eta mah nya kitu, ka ieu-ieuh teh ngahihileudan bae."

#### 50. NGARAH EUPAN

*Hartina:* ngakal.

Usman unggal poe unggal peuting luhar-lehor bae di Juragan Rangga, maksudna ku hayang dipasihan lungsuran raksukan.

Dina hiji peuting Juragan sasauran saurna, "Tah, Usman, maneh bageur, unggal-unggal poe unggal-unggal peuting sok datang; bener kudu kitu, aya gawe tayagawe kudu tempong ka dieu dewek keueung; lamun adat silaing kitu, isukan ku dewek dibere baju tariko."

Wangsul Usman, "Sumangga, kantenan unggal dinten atanapi wengi bae, da di rorompok oge teu aya gawe."

Isukna sok Usman dipaparin lungsuran. Naha ari geus sok, Usman lep bae tara tempong-tempong ka Juragan.

Barang Usman keur nyaba, gok papanggih jeung Juragan Rangga. Saur Juragan, "Usman, naha silaing euweuh datang-datang ka imah dewek? Kitu bae, ari geus dibere baju mah, bet ngarah eupan."

Usman tungkul bae isineun.

## 51. NEPAKEUN JURIG PATEUH

*Hartina:* nepakeun kagoreangan.

Jagus ngomong ka Wiro, pokna, "Wiro, ari dewek ku teu resep ka Uyun, da eta jelemana kumaki jeung culika, ema dewek oge ijideun naker."

Wiro mah cicing bae ngan ukur ngadengekeun, tina tacan sakumaha lomana jeung Uyun.

Waktu Jagus ngomongkeun Uyun, kadenge ku Memen, sobatna Uyun. Harita keneh nepungan Uyun sarta tuluy dibeja-keun sakumaha omongna Jagus.

Uyun panas ati, tuluy nyampeurkeun pokna, "Jagus! sia ngewa ku naon ka aing, bet nyebutkeun teu resep jeung culika? Sabaraha kali sia geus dicilakakeun ku aing?"

Jagus kalamas kelemes eraeun, tuluy ngomong pokna, "Da

kuring mah teu ngomong naon-naon, tah Wiro nu ngomongkeun tea mah."

Wiro reuwaseun, geuwat ngomong, pokna, "Eh, Jagus, ulah *nepakeun jurig pateuh*, ti tadi oge deweck mah tacan ngomong sakecap-kecap acan, geuning ti tadi oge silaing bae nu ngomongkeun ieu Uyun."

Uyun cicing henteu ngomong.

## 52. NGEBUTKEUN TOTOPONG

*Hartina:* ngetrukkeun elmu.

Kiai sasauran ka santrina nu ngaran Yunus, "Yunus ayeuna jig geura balik ka jaman maneh, geura amalkeun di ditu pangabisa maneh, sabab geus cukup, sagala kabisa aing ku maneh geus katampa sarta kaharti, kabeh; tah aing teh geus *ngebutkeun totopong*, pangarti teh ngan sakitu-kituna."

## 53. NGEMBANG BOLED

*Hartina:* tetela, nyindiran kana kembang hui, sabab ari kembang hui teh, ngaranna katela, jadi hartina tetela.

Ki Asmian jadi lebe di Ciwaru. Hiji poe manehna dangdan, sanggeusna los indit, teu kanyahoan inditna ku pamajikanana.

Teu lila ti saentas lebe indit ti imahna, jol Arsaen rek ngabe-jakeun alo lebe maot. Barang ditanyakeun ka bojona, teu nyahoeun losna, ceuk Arsaen; kumaha panganggona?"

Wangsulna, "Udengna lereng, raksukanana hejo, sinjangna hideung."

Ti dinya geuwat disusul ka jalan. Di jalan aya nu ngaliwat, pok ditanya, "Aya nu ngaliwat bieu ka ditu?" bari nunjuk.

Ceuk nu ngaliwat, "Aya: totopongna lereng, bajuna hejo jeung sampingna hideung."

Arsaen ngomong bari lumpat, pokna, "Ngembang boled  
ari kitu mah lebe."

#### 54. NGEUREUT MICEUN

*Hartina:* babanda (ngajeujeuhkeun rejeki).

Bibi Emeh papatah ka anakna lalaki, nu geus boga kauntungan 6 ketip dina sapoe, pokna, "Ujang, ayeuna geus boga kauntungan dina sapoe 6 ketip, ema atoh kacida, ngan aya saeutik, eta duit nu sakitu ku maneh sok dibeakkeun kabeh, dihantem dibeuli-beulikeun, ka nu teu puguh. Ari ayeuna atur, tina gajih maneh nu sakitu, kudu diteundeun satengahna, atawa 20 sen, nu satengahna deui atawa nu opat ketip pake kaperluan; mangke, di mana geus loba, beulikeun kana sawah atawa lembur; keun ku ema ampihan, da moal dipake, jeung sing percaya, supaya ngeunah mangkena, kapan carek paribasa oge kudu bisa *ngeureut miceun.*"

#### 55. NYIEUN HEULEUR SAJERONING HUMA

*Hartina:* aing-aingan jeung dulur.

Ki Banja boga anak dua, lalaki hiji, awewe hiji; nu lalaki ngaranna Ikram, nu awewe Sapti.

Barang Ki Banja geus maot, barudak dua kawaris: imah hiji sewang, kebon sabeulah sewang.

Wates sataun mah eta barudak rapih bae daek sili bere rejeki, daek sili titah, tapi barang liwat ti sataun, Ikram jadi aing-aingan jeung Sapti.

Hiji mangsa Sapti ngundeur baris seupaneun ka kebon Ikram. Barang katenjo ku Ikram, Sapti lebur dicarekan diweweleh.

Bakatna awewe tur sahandapeun, teu ngalawan, tuluy bae ceurik bebeja ka indungna.

Barang indungna nyahoeun, tuluy Ikram disampeurkeun,

pokna, "Ujang, ku naon adi maneh dicarekan?"

Wangsulna, "Bongan ngundeur ka kebon kuring, kapan geus boga bagian; ari hayang ngundeur mah nya di kebonna bae, ulah nyoro ka nu kuring."

Indung, "Hih, Ujang ulah kitu, ari jeung dulur, naha bereeun saha, da eta teh adi maneh, ieu mah jeung dulur teh bet *nyieun heuleur sajeroning huma.*"

## 56. NINGGANG KEKECRAK

*Hartina:* payus, jelema goreng rupa, surup kana lampahna goreng.

Si Ambri jelema tampadaksa, leungeunna kengkong lantaran ragrag, basa maling kalapa, sukuna pinced lantaran tiguling kana lombang, basa dikepung maling hayam, ceulina sumpung lantaran tikait moncor dina pager, basa dikepung maledogan imah batur, jadi ayeuna Si Ambri nya' kengkong, cingked, ceuli sumpung, ngajadikeun goreng pisan kana adeg-pangadegna; eta sakitu geus tampadaksa teh, lampahna mah terus bae jahat.

Hiji poe manehna dadapangan di tepas uana bari ngandung feas, gawena ngeuradan hayam uana. Barang hayam geus kaeurad sarta geus dicekel, katenjo ku uana, pokna, "Tah, jelema jahat mah tara tolil nu baraya, hayam-hayam kolot dieuradan, Si nurus tun-jung, bet keur goreng patut teh *ninggang kekecruk.*"

## 57. NYIEUN POE BUNGSUNA

*Hartina:* nyieun poe panganggeusan.

Hiji poe Nyi Pari patunjuk-tunjuk jeung Nyi Sarminem, pedah anak Nyi Pari meupeuskeun gentong Nyi Sarminem. Carek Nyi Sarminem bari nunjuk kana beungeut Nyi Pari, "Pari, deuleu kudu diwarah eta anak sia; lamun teu diwarah, mangke ku aing dipangwarahkeun; aing teu suka dipeupeuskeun gentong."

Jawab Nyi Pari bari nunjuk jeung molotot, "Sarminem,

naha sia teu rumasa teuing, anak sia oge kamari meupeuskeun kendi aing, parandene aing mah teu ngitung rugi, sakitu-kitu bae mah; naha ari sia bet kitu? Ari ayeuna mah geus bae, ngan ti saserek ayeuna wawuh teh dideuleu-deuleuna bet rek *nyieun poe bungsuna sia*."

Nyi Sarminem tuluy balik bari gegelendeng."

Atawa.

Nyi Putri jeung ibuna sili rangkul, sili tangisan kawantu rek papisah jauh, inggis jadi *poe bungsuna*.

## 58. NYICIKEUN CAI, MURULUKKEUN LEBU

*Hartina:* turun cadu.

Ki Juman unggal-unggal aya pangabutuhna euweuh deui mentana tulung ngan ka lanceukna, ka Ki Rasmu. Kitu deui Ki Rasmu teu weleh-weleh nulung, tina ngingetkeun ka dulur; tapi lamun Ki Juman dititah ku Ki Rasmu, weleh tara ngagugu.

Hiji mangsa Ki Rasmu kudana leupas. Geuwat nyalukan Ki Juman, menta dibantuan newak kuda, tapi teu daekeun. Jadi Ki Rasmu lulumpatan, ngudag-ngudag kudana ngan sorangan bae, ripuheun pisan.

Barang kudana geus beunang, sarta geus diasupkeun ka gedogan, Ki Juman dicalukan, omongna, "Juman, ti saserek ayeuna aing *nyicikeun cai, murulukkeun lebu*, moal deui-deui nulung ka sia teh; lain cara kana pangabutuhna, jol deui, jol deui ka aing, ari sia sakalieun dipentaan tulung newak kuda oge, teu daek."

Ki Juman cicing teu ngomong.

## 59. NYOKOR = NENGTEREGE = NINGNANG

*Hartina:* nu make papakean sagala teu pantes.

Si Sayem ngomong ka indungna, pokna, "Ema, cing, kuring

pangmeulikeun samping goldib, karembong tila jeung baju buludru, ku hayang make papakean nu aralus.”

Jawab indungna, ”Wah, kitu patut hayang disamping goldib, karembong tila, baju buludru, deuleu, maneh mah montong hayang make nu kitu, da papakean mah nurutkeun kumaha nu make, najan papakean goreng oge lamun nu makena bisa, sumawonna hade, tangtu tegep; ari lebah maneh mah make kieu-kieu oge cumah, sok *nyokor*. ”

## 60. NYOLONG BADE

*Hartina*: henteu nyana (maling taksiran).

Dina hiji peuting kira pukul 7, Ua Sopan katatumuan aki-aki, janggotna panjang, geus bodas, datangna ka Ua hormat pisan, karepna hayang ditarima mondok sapeuting eta, tina katanggungan laku. Ku Ua henteu dipikir panjang, tina nenjo sakitu pasemonna, saperti jelema bageur pisan, malah disangka bangsa kiai; tuluy ditarima, disuguhan hade-hade, sarena dikasuran, disadiakeun alketip jeung samak nu beresih baris salatna.

Tapi barang nепи kana waktu sare, Ua rada heran, sabab teu katenjo salat isa, anggur tuluy hees.

Isuk-isuk pisan Ua tambah kaget, sabab aki-aki geus euweuh, balikna teu bebeja, malah baju, totopong, samak jeung alketip oge euweuh, dibawa; horeng lain jelema bageur, euwah-euwah.

Ceuk Ua ka bojona, ”Indung barudak, aki-aki teh *nyolong bade* sugaran teh jelema bageur, horeng bangsat.”

## 61. NU BARIS NGUYUP GETIH

*Hartina*: nu baris bela.

Nyi Sinti loba barayana, tapi tina eta baraya-barayana tea, ngan Si Kadut nu pangdipikanyaahna. Carek salakina, ”Sinti, kami kaget kacida ku maneh; ari baraya urang teh rea, tapi naha ngan

Si Kadut bae nu dipikanyaah teh; coba terangkeun ka kami, naon sababna nu matak kitu.”

Walon Sinti, ”Kieu, kang, sababna: Tina baraya urang nu sakitu reana, geuning euweuh hiji nu bela lian ti Si Kadut; geura basa urang garering, ngan si eta bae nu kencar-kencir nurutkeun titahan urang teh; basa akang ragrag tina tangkal rambutan, ngan si eta nu gagaukan nyeungceurikan akang; eta tanda milu reuwas, milu nyaah, nepi ka dibelaan manehna teu hees, nungguan akang, mantuan kuring, jeung basa kuring rek digegele anjing edan tea, lamun teu katulungan ku Si Kadut, tangtu cilaka. Tah kitu sababna nu matak nyaah teh, rasa kuring ngan si eta *nu baris nguyup getih* teh ka urang.”

Salakina seuri pokna, ”Heueuh.”

## 62. NUJU HURUP, NINGGANG WIRAHMA

*Hartina:* surup= alus laguna, hade senggolna beres pokna.

Nyimas Arum Sari putra Ajengan. Dina hiji peuting malem Juma‘ah ngaos kur‘an; kawantu putra Ajengan, naringgang pisan, laguna alus, keuna nyebutkeunana aksara, panjang pondokna sarta pasehat jeung ngeunah sorana.

Santri-santrina Ajengan pada resep ngadengekeun sarta pada kabita hayang bisa kitu. Ceuk Dulfatah ka adina nu ngaran Fatmah, ”Tah Fatmah, deuleu ari ngaji kudu kitu, nya eta nu disebut *nuju hurup, ninggang wirahma* teh.”

## 63. NUTURKEUN INDUNG SUKU

*Hartina:* leumpang henteu puguh nu dijugjug atawa nu di-seja, ka mana losna bae.

Aki Guru ngawuruk ka anak incuna, pokna, ”Barudak, sing nyaah ka kolot, nya eta itung-itung mayar hutang, urut urang di-pulasara ti leuleutik nepi ka gede, matak hese cape kolot bae,

henteu sepi-sepi kamelangna teh; keur leutik keneh, ku leutikna, ari geus gede, ku gedena, sieun kieu-sieun kieu. Aing mah baheula katinggal ku indung ku bapa, jeung dulur-dulur, wani poek pipikiran, ngenes ku acan bisa mulasara, kolot geus ajal, tungtungna iklas ka diri, meunang 9 bulan unclang-anclong sakaparan-paran, leumpang *nuturkeun indung suku*.”

#### 64. UNGGAH KARANJANG

*Hartina*: sarua bae jeung turun karanjang dina No. 21 ngan ieu mah sabalikna, nu dikawin atawa nu dipake salaki teh lanceukna nu maot.

#### 65. PALID KU CILEUNGANG

*Hartina*: modal gede leeh ku modal saeutik.

Ieu paribasa sok mindeng kapake dina ngadu kartu, keles, kecek jeung sajaba ti eta.

Darmu, Irkat, Sura jeung Tambi ngariung rek ngaradu; Darmu modalna Rp 40, Irkat Rp 30, Sura Rp 50, ari Tambi ngan boga 50 sen.

Ceuk Sura, ”Hayu urang gupek Rp 10 sewang.”

Walon Tambi, ”Ah alim, kuring mah teu boga duit, tah ngan mawa 50 sen.” .

Omong Irkat, ”Atuh montong gupek, urang banjir bae gede-an, keun Tambi sina milu, sabot ngadagoan nu gede duitna, jeung manehna mah montong sina banjir, da saeutik duitna.”

Batur-baturna rempug; ti dinya ger ngaradu saketipan.

Tapi aneh kacida, ti barang ger ngadu ngan Tambi bae nu meunang teh, terus mujur, datang ka geus ngagunduk duitna.

Batur-baturna paranaseun, tuluy ngabanjir. Ku sabab duitna geus rea, tuluy dilawan ku Tambi. Tungtungna duit teh kumpul

ka Tambi.

Barang ngadu geus bubaran sarta Tambi geus balik, Darmu ngomong ka Irkat jeung ka Sura, pokna, "Eh, batur-batur, urang sarerea tangtu handeueul sabab modal urang puluh-puluh, ari Tambi ngan satengah rupia, kajadianana urang nu eleh. Eta lain hanjakal?"

Ceuk Sura, "Ti ayeuna dewek jadi inget, moal deui-deui ngadu jeung nu saeutik modalna, teu ngeunah ari *palid ku cileungcang teh*."

Pepeling ulah ngaradu

Sinom

Sarupaning pangaduan, gaksak tapi mikat ati, teu nyahoeun yen baruang, warejit nyatuan peujit, najan licik jeung pelit, bobotoh tungtungna butuh, poma ulah kagiwang, ku pilong pekok jeung wajit, kalong ceneng bagong anu matak begang.

## 66. PADA RUBAK SISI SAMPING

*Hartina*: pada ma'lum.

Ki Tunjung jelema jahat, sok daek maling, dedegler, katambah omonganana harung gampung; ana aya nu ngaharu-haru, sok tuluy ngambek jeung sok ngakalakeun. Jadi jelema-jelema geus pada nganyahokeun kana lampah kitu.

Manehna boga hiji anak lalaki kira umur 10 taun, ngaranna Si Murka. Ieu oge budak teh geus telenges deui bae, jaba tina daek cakat-cokot, sok culika.

Hiji poe manehna neunggeulan anak tua kampung datang ka barohak; tapi ku tua kampung Si Murka teu dikua-kieu.

Isukna Si Murka maledog deui hayam Lebe datang ka paeh, tapi ku Lebe henteu diuruskeun.

Ujang Said, nu henteu nyahoeun kana adat Ki Tunjung,

nanyakeun ka bapana, pokna, "Bapa, kuring mah teu kaharti ku tua kampung jeung ku Lebe, eta Si Murka sakitu jahatna jeung gakangna, bet henteu diperkarakeun?"

Bapa, "Hih ujang, montong kaget. Nu matak teu diuruskeun, sabab nyahoeun yen bapana Si Murka teh jelema jahat; lamun Si Murka diperkarakeun, mangke Ki Tunjung ngakalakeun. Eta mah geus *pada rubak sisi samping*."

## 67. PEUPEUREUM ASU

*Hartina:* keur leleyepan, lamun aya nu ngomong atawa nu ngaliwat, kadenge keneh.

Ceuk Turbi, "Sarji silaing nyaho, sabaraha imah nu kaduruk peuting teh?"

Sarji, "Lima belas suhunan."

Turbi, "Hadena bae imah silaing teu kaduruk nya?"

Sarji, "Heueuh, tapi reuwasna mah geus euweuh papadana; eta bae dewek keur *peupeeureum asu*, kadenge tingbareletok sora seuneu, atuh dewek korejat deui bae hudang, tuluy akut-akut barang, da sieun kaduruk."

## 68. REJEKI MAUNGEUN

*Hartina:* rejeki anu datangna langka, ari meunang bleg-blegan jeung sok dibacakkeun harita.

Ki Arwisan sangsara, tina teu boga gawe nu tangtu, demi pangabisana teu wudu. Ari karesepna sok daek ngaborong nyieun imah atawa ngaborong sasak-sasak. Hiji waktu aya nu ngaborong-keun nyieun sasak; tuluy ku manehna dijalankeun. Saenggeusna Ki Arwisan boga untung Rp 100.

Harita keneh tuluy dipake meuli papakean, mere ka sobat-sobatna, nepi ka beak.

Ti entas ngaborong sasak, langka pisan rek boga pagawean teh da euweuh nu ngaborong, ari baranghakanna ngajualan barang-barang.

Lila-lila uana maot, teu aya ahli warisna ngan manehna sorangan, meunang warisan rupa duit Rp 300 jaba sawah jeung pakarangan.

Harita keneh *ngacak-ngebur*, meulian deui barang-barang jeung hajat, malah nayub sukan-sukan jeung sobat-sobatna tea.

Barang duitna geus beak, imah jeung sawah dijual, duitna terus dihakan, dipake curak-curak; ari geus beak. Ki Arwisan susah deui.

Hiji poe mitohana ditanya ku Ki Wisad, pokna, "Bapa ari Ki Arwisan katenjona ku kuring, kawas nu ripuh pisan?"

Bapa, "Enya ujang, dina mangsa ieu teh keur butuh ku duit sapicis, tapi lamun datang rejekina bleg-blegan ratus-ratus, tina naon bae eta teh; tapi lamun geus datang eta rejeki, tuluy dimonyah-monyah, ongkoh jelema teu pidunya."

Wisad, "Oh, ari kitu mah eta jelema *rejeki maungeun*."

## 69. RUMBAK KUNTIEUN

*Hartina*: put-pot.

Nyi Simar nganjang ka bibi Odah. Barang datang tuluy ngaromong di tepasna. Geus kitu Nyi Simar menta nyeupah, omongan, "Bibi, cing sugar aya seupaheun, kuring hayang nyeupah."

Jawabna, "Euleuh-euleuh, karunya teuing! Kumaha nyai teu aya seureuh."

Simar, "Hayoh bibi mah, kamari euweuh gambir jeung bako, ayeuna euweuh seureuh."

Bibi, "Enya, puguh ge bibi mah meh salawasna *rumbak kuntieun*, aya seureuh, euweuh bako, aya bako, euweuh gambir, aya gambir, sok euweuh apu."

### Atawa.

Ambu Irun anakna ngan kari hiji geus umur tilu taun; ari ayeuna keur reuneuh deui geus dalapan bulan. Gawena ngan humandeuar bae, sabab inget, sasarina satiap manehna geus boga anak deui, anakna nu geus gede sok hilang.

Hiji poe manehna ngomong ka uana, pokna, "Ua, kumaha kuring, satiap-tiap boga anak deui, eta nu geus gede sok hilang."

Ua, "Heueuh, ari maneh sok *rumbak kuntieun*; atuh cing nyiar palakiah."

### 70. SAMAGAHA PIKIR

*Hartina:* bingung.

Hiji waktu Ki Reksa diajak ku Otong nyiar pakulian buburuh nyieun imah ka jauhna. Omong Otong, "Reksa, cing urang nyaba ka lembur-lembur, sugar bae aya nu rek muruhkeun nyieun imah, ti nimbang unggal-unggal poe silaing ngan nangkeup tuur bae mah."

Wangsulna, "Bo, perkara pangajak anjeun, ku kaula katarima pisan, ngan dina mangsa ayeuna kaula teu bisa, sabab keur bingung pisan pipikiran, nya eta nenjo anak nu gede gering, nu leutik nya kitu, katurug-turug anak nu panengah, enya ge bisa ngasuh tapi manehna oge teu cageur, tungtungna kaula teu puguh nya cabak. Ari ayeuna geura ngajak nu sejen bae, da puguh kaula mah keur *samagaha pikir*."

### 71. SATENGAH BUAH LEUNCA

*Hartina:* rada gelo.

Nyi Ampit datang ka Nyi Sanip, pokna, "Sanip, tulus ilaing ka pasar teh? Lamun tulus, urang ajak Si Narsi jeung Si Beurit."

Sanip, "Naha make ngajak Si Narsi jeung Si Beurit?"

Ampit, "Hih resep, ari loba batur mah."

Sanip, "Ah, embung kami mah reureujeungan jeung Si Beurit; geura aya euweuh kaera; ari ngomong cowong jeung sok ngomongkeun nu henteu pantes; lamun manggih piseurieun dimana bae huhuy-heuheuy, jeung lamun manggih piambikeun, tara aya aweran dimana bae. Ti nimbang jeung mawa Si Beurit mah, anggur sorangan; teu resep reureujeungan jeung si eta mah, jelema *satengah buah leunca*."

## 72. SENGSERANG PANON

*Hartina*: di awewe atawa di lalaki, geus rada beger, tapi ngan kakara resep nenjo bae.

Ujang Marki umurna kira 14 taun atawa 15 taun. Lamun aya nu ngaliwat atawa lamun neuleu nu beres papakeanana atawa rupana, sok diteuteup bae, wani teu ngiceup-ngiceup.

Ambu Ibur nu telik pisan ka ujang Marki, ngomong ka salakina, pokna, "Akang geura tingali itu ujang Marki, dideuleudeuleukeunana sumawonna ka nu rupana hade, papakean alus, sakalieun ka nu meujeuhna rupana atawa makeda basajan oge, panonna mureleng bae."

Bapa Ibur, "Heueuh; naha geus sabaraha taun umurna?"

Ambu Ibur, "14 atawa 15 taun."

Bapa Ibur, "Oh, atuh paingan, keur *sengserang panon*."

## 73. SENGSERANG PADUNG

(deukeut kana muak logak).

*Hartina*: geus tereh paeh, babakuna jelema nu geus kolot, nu sok loba karep, anu kurang hade, eta sok disarebut kitu, minangka moyokna.

Aki Jalil umurna geus 69 taun, katinggal ku bojona maot,

ceuk incuna, "Aki, ayeuna nini geus pupus, langkung sae di ditu bae jeung kuring saimah; ieu mah urang jual, barangna angkat kabeh atawa deui."

Walon aki, "Ah, embung aing mah, hayang di dieu bae, hanas nini sia hilang, keun bae, aing mah rek nyiar deui bae, nu heman ka aing."

Incuna rada ambek, tuluy ngomong, pokna, "Wah aki, montong boga deui pamajikan, era ku batur oge, cenah meureun aki-aki geus *sengserang padung* hayang deui boga pamajikan."

#### 74. SOSOROH NGADON KOJOR

*Hartina:* nu pupundut, jeung aya pangarah, tapi ti nimbang meunang mah, anggur manggih kateungeunah.

Bapa Rakit boga cau galek 5 siki, cau emas saturuy, geus pada nawar ku batur-baturna, aya nu 3 ketip, aya nu 4 ketip, tapi ku Bapa Rakit teu dibikeun, da keur sosoroh ka ujang Jiping.

Ti dinya tuluy indit. Barang datang, pok ngomong, "Ujang, ieu bapa sosoroh cau galek jeung cau emas, tapi bapa teh butuh ku samping gerusan keur pakeeun lebaran."

Ujang Jiping, "Bapa, eta cau bawa deui bae, anggur dahar ku bapa atawa jual duitna pake, da samping mah kaula teu boga; jeung kadongdora daek umbal-embol ka dieu ari aya pangabutuh; kapan bapa teh ka kaula baraya, tapi naha bet cara badak Cihea bae, da keur teu aya pangabutuh. Jeung minggu tukang bapa dihiras ngomean saung, geuning anggur gegelendeng; ceuk bapa, "Teu sudi dititah ku kula." Geus ayeuna mah geura balik jeung montong datang-datang deui ka dieu, kula mah teu resep."

Ku sabab Bapa Rakit eraeun, eta cau henteu dibawa deui, pokna, "Ieu mah cau seja bakti bae, hal sarung henteu kagungan, teu aya kumaha." Cau tuluy ku Bapa Rakit diserenkeun ka bujang-na bari tuluy balik teu beubeunangan.

Nu sarupa kitu *sosoroh ngadon kojor*.

Atawa.

MAGATRU.

1. Hayam Ipi dua laluis aralus, duanana dikabiri, barang dina hiji waktu, Ipi butuheun ku duit, ngahuleng nangtung di panto.
2. Sanggeus kitu boga niat arek nganjuk, ka Patinggi anu sugih, supaya niatna kabul, rek bakti hayam kabiri, kabeh dipake sosoroh.
3. Barang datang Ipi tuluy bae diuk, ari omongna Patinggi, arek naon gura-giru, jeung mawa hayam kabiri, gancangna Ipi ngawalon.
4. Nun juragan kuring sumeja pupundut, nyanggakeun ieu kabiri, mung kuring neda pitulung, butuh ku salawe rispis, nambut rek muka rorompok.
5. Ki Patinggi tuluy ngomong bari imut, duh aduh hanjakal teuing, duit ayeuna keur suwung, naha bet kurang kamari, geus dipake modal bako.
6. Kitu-kitu sugaran bae poe isuk, ngomong ka nu boga duit, ngan kami sieun nalapung, jeung ieu hayam kabiri, ku maneh meureun dicokot.
7. Ari jawab Ipi juragan teu umum, ieu mah sumeja bakti, malah niat ti kapungkur, diancokeun ku simkuring, iklas teu aya sawios.
8. Ari duit meunang sukur henteu sukur, tapi dina jero ati, risina kaliwat langkung, sieun duit henteu hasil, tuluy indit bari dongko.
9. Isuk-isuk Ipi tuluy indit rusuh, ngadeuheus ka Ki Patinggi, teu lila Patinggi jebul, ti imahna bari seuri, tuluy diuk bari ngomong.
10. Aeh Ipi kami kamari ka Saud, nginjeum duit keur silaing, tapi jebi kai Saud, pokna teu hayang henteu sing, nginjeum-keun ka Ipi bohong.

11. Pokna Saud cumah maneh sok ngajeblug, sabot ngomong Ki Patinggi, burudul tilu tatamu, menak-menak tas pelesir, Ipi balik purat-perot.
12. Ceuk Si Iren ka alona ujang Saud, matak karunya ku Ipi, kabirina dua lapur, dibaktikeun ka Patinggi, *Sosorohna ngadon kojor*.

## 75. SATALI TIGA UANG

*Hartina:* sarua bae, boh pada salah, boh pada bener.  
 Satali = Rp 0,25 = 75 pitis.

Anu matak sok disebut satali, sabab duit 75 pitis,  
 sok dikantet jadi sakantet.

Uang (Malayu) = baru (Sunda). Tiga uang = tilu  
 baru = Rp 0,25

Idin nanya ka Arso, pokna, "So, ari gunung nu panggedena  
 jeung nu pangluhurna di dieu di pulo Jawa gunung naon?"

Arso, "Rarasaan dewek mah G. Gede."

Idin, "Wah, lain, puguh G. Ciremay."

Waktu Idin jeung Arso ngaromong kitu, kadenge ku ujang Darjah. Ujang geuwat balik ka imahna. Barang datang, pok nanya ka bapana, "Pa, mana nu bener, ceuk Idin G. Ciremay nu pangluhurna di pula Jawa, ari ceuk Arso G. Gede?"

Bapa, "Kabeh oge salah; mun maneh teu nyaho, nu pangluhurna di pulo Jawa G. Sumeru, meh 12 rewu kaki luhurna ti laut. Atuh Idin jeung Arso mah *satali tiga uang*, pada saralah teu nyaho-eun."

Atawa.

Neng Ipin nanya ka ujang Sain, pokna, "Sain, gede mana bentang timur jeung bentang barat?"

Sain, "Gede bentang timur."

Ipin, "Ah, henteu, rarasaan dewek mah gede bentang barat."

Sain, "Henteu, gede bentang timur; geura moncorongna terang pisan."

Ipin, "Cing hayu urang tanyakeun ka guru." Tuluy eta dua budak arindit ka guruna.

Saur guruna, "Aya naon maneh barudak?"

Ipin, "Eta bade tumaros, gede mana ari bentang timur sareng bentang barat? Dupi sanggem abdi gede bentang barat, nanging sanggem pun Sain gede bentang timur."

Guru, "Lamun maneh teu nyaraho, bener kabeh, eta dua ngaran bentang buktina mah hiji keneh; lamun katembong sore-sore, eta disebutna bentang barat, sabab katembongna di kulon; lamun tempong subuh-subuh, eta ngaranna bentang timur; eta mah *satali tiga uang bae*."

## 76. SENTAK BADAKEUN

*Hartina*: pagawean anu tara ceeh, mimitina haget, garadag-gurudug, lila-lila kulahek lantaran ripuh, tung-tungna jadi teu laju.

Enjam imahna ngan dua rohang. Dina hiji poe badami jeung Idris, pokna, "Dris, imah dewek nyanghareup ngaler, tapi ayeuna hayang nyanghareup ngidul, jeung hayang rada mundur. Cing de-wek bantuan."

Idris, "Hayu; iraha niat silaing?"

Enjam, "Ari kahayang dewek mah ayeuna bae, ku duaan ge imah sagede kieu mah anggeus, urang gotong bae tuluy pundur-keun.

Idris, "Aeh-aeh, ari silaing ngabarakeun, ditaksir ku dewek kudu ku dalapan jelema mah dipundurkeunana, saperkara ambeh enteng, kadua supaya dangdanana ulah aya nu ruksak. Ari ayeuna nguaran heula batur, da moal burung daraekeun."

Enjam, "Ah, lila ngadago batur mah, ku urang bae, da moal

beurat."

Idris, "Hih, ulah gurung gusuh, bener urang kuat mangku ieu imah, tapi tangtu ripuh, badan ruksak dipake digawe poe ieu; mana ari keur ka hareup? Ayeuna mah jig bae heula nguaran batur, keun dewek sasadiaan tali, rancatanana, naon nu perlu; sagala kalakuan oge ulah sok *sentak badakeun*."

## 77. SETENG KUMAHA DI MESTER, SAUANG KUMAHA DI KANDANG

*Hartina:* cat ku kieu-cat ku kieu oge kumaha pangadilan bae.

Pa Sarba ngagadekeun sawah saratus rupia ka Bapa Taham, jangjina dina sataun baris disewa tina duit nu sakitu ku pare sacaeng dina hiji taun, lilana tilu tauneun. Barang geus dibere sarta geus sataun, Pa Sarba teu bisa mayar sewaan, da sawahna keuna ku hama. Carek Bapa Taham, "Kajeun teu bisa mayar sewaan, eta hutang kudu diganti tandatanganana jadi saratus tilu puluh." Tuluy diganti. Kadua taunna ngan bisa mere sewaan 50 gedeng. Katilu taunna bisa mayar 100 gedeng.

Diiitung-itung di jero sakitu taun hutangna Pa Sarba geus jadi saratus genep puluh lima rupia.

Ceuk Bapa Taham, "Pa Sarba, hutang anjeun ayeuna geus jadi Rp 165. Mana ayeuna? Lamun teu rupa, sawahna ayeuna di-penta."

Pa Sarba, "Beu, tacan sadia, kuring menta tempo nepi ka taun hareup."

Bapa Taham teu panjang carita, tuluy ka pangadilan menta sawah Pa Sarba.

Barang Pa Sarba nyahoeun, yen Bapa Taham menta ka hukum, geuwat Pa Sarba nepungan Bapa Taham, pokna, "Mugi ieu perkara menta dicabut, sarta menta dikurangan rentenna, ulah gede teuing."

Ari jawab Bapa Taham, "Kaula moal bisa nyabut, sarta moal daek dikurangan. Ari ayeuna mah *Seteng kumaha di Mester, sauang kumaha di kandang bae*

## 78. CARA BUEUK BEUNANG MABUK

*Hartina:* ngeluk euweuh hojah.

Ki Wijar dina poe Juma'ah ngambek ka dulurna, ka indungna jeung ka bapana, lantaran dihulag rek ngajual sawah bapana. Indung bapana sumawonna adina, cicing bae ditunjuk-tunjuk ku Ki Wijar teh sabab ngingetkeun kana adatna, lamun ditembal neunggeul-neunggeul enyaan. Sabot manehna tutunjuk ka indung bapana, jol lanceukna ti sejen lembur nu adatna leuwih basangkal ti batan Ki Wijar sarta leuwih wani. Barang nenjo bapana jeung indungna keur dicarekan jeung ditunjuk-tunjuk, lanceukna ngambek, pokna, "Wijar kitu patut sia ka kolot wani nunjuk-nunjuk sarta nyarekan? Deuleu deungeun-deungeun mah, kolot teh disembah; naha ari sia bet kitu? Hayang dibebekkeun cacapek sia?"

Tina Wijar teu wani ka lanceukna, tuluy diuk bari tungkul, taya hojahna teu ngomong sakecap-kecap acan.

Carek bapana, "Tuh, ayeuna mah da aya kasieun, kitu pepetaanana, *cara bueuk beunang mabuk.*"

## 79. CAGAK PIKIR (NGARANCABANG PIKIR)

*Hartina:* kahayang midua atawa leuwih ti 2–3 rupa.

Dina hiji poe Wargu nyampeur ka Sura ngajak nagih ka Ki Saptu Rp 3, sarta dimana meunang, rek dibere sapertiluna tina beubeunanganana.

Demi imahna Ki Saptu lalakon 2½ paal, Sura atoheun pisan, eukeur mah butuh ku duit, ayeuna aya nu rek mere sapertiluna tina beubeunanganana.

Ti dinya bral arindit. Barang kira geus meunang satengah pal, Wargu ngarandeg sarta ngahuleng, sabab inget manehna hayang milu marak ka Cibeunying jeung uana.

Ti dinya tuluy deui indit. Barang geus meunang sapal, ngarandeg deui, sabab inget dina poe eta rek meuli kenteng; lamun diisukkeun, tangtu beakeun.

Carek Sura, "Wargu, naха hulang-huleng bae?"

Wang sulna, "Puguh eta dewek inget hayang meuli kenteng jeung hayang marak ka Cibeunying."

Sura, "Kapan rek nagih ka Ki Saptu, geus diniatan bari cumah, lamun urang geus niat indit ti imah rek ngajalankeun hiji niat, ulah sok *cagak pikir*, sok tara beubeunangan."

## 80. CARA EMBE

*Hartina*: nuduhkeun ka jelema nu ngedul mandi, nurutkeun adatna embe sok sieun ku cai.

Nyi Aswi beuheungna geus kandel ku daki paeh, papakean-ana belewuk; jadi sakabeh jelema nu neuleu pada arijideun.

Dina hiji poe pasosore digeunggeureuhkeun ku indungna, pokna, "Aswi, eta dina beuheung sia wani namblog daki paeh; cing atuh sing getol mandi, bari sing daek kokosok."

Wang sulna, "Ah, embung ema tiris, isuk bae tengah poe."

Indungna nyentak pokna, "Ayeuna bae; lamun sia teu ngagugu, mangke dirangket. Hayoh ka ditu, bet *kawas embe bae*."

## 81. CARA CINA DIPANGWAYANGKEUN

*Hartina*: nu diajak carita teu ngartieun.

Inda, Jaja, Irhani jeung Hamid ngariung pada ngaropi. Inda teu wudu rada bangor, ana carita matak pikaseurieun.

Harita nyaritakeun tukang wadul dibales wadul, bisa kacida

nyaritana, nepi ka Jaja, Irhani jeung Hamid pada gogoelan seuri. Ngan Hamid seurina henteu pati ngeunah jeung salawasna ngan nurutkeun batur bae; batur unggueuk manehna molotot, bari unggueuk saeutik. Tidinya baralik Inda jeung Irhani; tinggal Jaja jeung Hamid. Barang geus jarauh, ceuk Hamid, "Jaja, tadi teh nyaritakeun naon?"

Jaja, "Aeh-aeh, naha anjeun seuseurian teh kutan teu ngarti? Atuh ieu mah *cara Cina dipangwayangkeun.*"

## 82. CARA MERAK

*Hartina:* jelema nu beuki pisan kana lada. Demi merak bejana karesepna kana cabe.

Raden Antara, unggal-unggal rek dahar kudu bae disadiaan cabe gede jeung cabe cengek, sabab kasedepna ti bubujang; lamun teu kitu, lebur bujangna diseuseul.

Si Jamsi, bujangna, ngomong ka Si Umsi, pokna, "Umsi, kami mah sakieu nya kagedean, kakara manggih dunungan sedep-sedep teuing kana lada. Geura ku ilaing intip. Ana tuang cabe teh saleunjeur-saleunjeur dihuapkeun. Naha cara urang suhah-seuhah? Ieu mah *cara merak bae.*"

## 83. TEU JAUH TI TIHANG JURU, TEU ANGGANG TI TIHANG TENGAH

*Hartina:* jijieunanana goreng, ngala ka dedegan nu migawe; jadi sasat moyok goreng patut ka nu migawe. Ari tihang juru jeung tihang tengah teh maksudna di dieu adegan.

Si Darki dititah ngomean panto pawon ku Juragan Kalipah. Tuluy Si Darki migawe eta panto. Ari enggeus, teu kamanah ku Juraganana, sabab goreng orowodol pisan, panto teh sok mun bae napel.

Ceuk dununganana, "Hih sia mah digawe teh *teu jauh ti tihang juru*, *teu anggang ti tihang tengah*, teu jauh jeung dedegan sia, orowodol."

#### 84. TEU KA GEDONG KA CIREBON, HENTEU CARI KA BATAWI, CARINA NGAN KA LALAKI

*Hartina*: awewe nu ngoretkeun pamere lalaki, ngomongna sok kitu.

Nyi Malati papacangan ka Ki Amsari lilana geus tilu bulan; teu wudu geus rea bebereanana, saperti: mangmeulikeun payung sutra dalapan perak, meuli panitih Rp 20, sueng Rp 40 jeung rea-reu deui jaba ti eta.

Lila-lila Nyi Malati boga deui papacangan ka nu sejen. Barang Ki Amsari nyahoeun, kacida ngambekna. Ti harita terus pundung.

Pasosore Ki Amsari nitahan tua kampung mentaan deui barang-barang sakur nu geus dibikeun tea. Carek tua kampung, "Nyai, pang emang datang ka dieu, dijurungkeun ku Ki Amsari, nyokotan barang nu aya di dieu; kajeun teuing henteu kabeh oge, supaya eta bae sueng jeung panitih."

Walon Nyi Malati, "Moal! Naha kunaon dosa kula? Hanas eta manehna nyangka kaula boga deui kabogoh, kaula mah teu tarima. Saha jelemana? Coba buktikeun. Dasar ongkoh Ki Amsari mah jelema pelit, da geus bosen ka dieu, hayoh nuding. Ayeuna mah bejakeun ka Ki Amsari, barang moal dibikeun, da awewe mah *teu ka Gedong ka Cirebon, teu cari ka Batawi, carina ngan ka lalaki.*"

#### 85. TEU DITARIK, TEU DITAKON

*Hartina*: teu dipirosea (teu diaku) teu ditanya-tanya acan.

Ceuk Wira, "Jayim, Jayim! hayu urang ka ua Lurah, mantuan ngakut; moal hade, da baraya."

Jayim, "Hayu."

Tuluy eta dua jelema arindit. Barang datang, katenjo ku Lurah, yen Wira mawa Jayim. Tapi Lurah teu suka atina, tina malang atina ka Jayim; jadi Jayim ku Lurah teu diaku, ngan Wira bae nu diaku teh. Harita mah najan teu diaku oge, Jayim tuluy bae mantuan ngakut; ari geus anggeus tuluy baralik.

Sejen minggu Lurah ngadegkeun deui imah. Wira indit ti imahna nyampeur deui Jayim, pokna, "Jayim, hayu urang ka ua Lurah, urang mantuan ngadegkeun."

Jayim, "Ah, jig bae, dewek mah moal."

Wira, "Hih, teu umum, ari ka kolot ulah kitu; lamun teu dirubung-rubung ku urang, ku saha?"

Jayim, "Kajeun teuing ka kolot, dewek mah embung. Geuning basa urang ngabantuan ngakut tea, dewek mah *teu ditarik, teu ditakon.*"

## 86. TEU DIAMBEUAN

*Hartina:* teu dipikasieun (teu dihiding).

Arsitam keur ngambek ka indungna, beak dicarekan laklak dasar, pedah dititah ngagadekeun, henteu daekeun.

Ti dinya datang Ki Ali, uana, ngahulag, "Ulah kitu ari ka indung!" Tapi uana teu dihiding, tuluy deui bae dicarekan, malah diajak gelut. Geus kitu rajol adi-adina mangmeunangkeun indung-na bari ngaromong sugal.

Carek Arsitam, "Hayoh, sia deui rek manglawankeun, sia-sia ku dipikasieun, deuleu, ua Ali oge ku aing *teu diambeuan.*"

## 87. TEU HIR, TEU WALAHIR

*Hartina:* teu baraya saeutik-eutik acan. Malah sok dituluy-keun: teu hir, teu walahir, teu kakak, teu caladi, henteu aro-arao acan, nya eta = teu baraya, henteu kaka, henteu adi, henteu alo-aloo acan.

Antam jeung Saud sadedegan sarta rek meh sapamulu. Dina hiji poe eta dua jelema pelesir reureujeungan. Barang nepi ka pengkolan, katenjo ku Nyi Encar. Manehna geuwat noel ka ambu Sidan bari ngomong, pokna, "Embu, geura itu tingali, Antam jeung Saud aya sadedegan, sarengkak, sapamulu, sakulit; mana kitu oge sugar dulurna."

Ambu Sidan, "Ceuk saha dulurna, lain, eta mah reureujeungan soteh nyaba, pedah salembur bae, imahna mah pajauh. Ari sadedegan, sarengkak, sakulit, sapamulu enya, tapi ari baraya mah atawa dulur, lain. *Teu hir, teu walahir, teu kakak, teu caladi, teu aro aro acan.*

#### 88. CARA SIREUM (CARA LULUT)

*Hartina:* nuduhkeun loba, balaksa atawa baketi-keti. Ari bedana saeutik pisan; Cara sireum nuduhkeun loba nu maju loba nu balik. Cara lulut, loba nu maju atawa aleutanana.

Dina poean nu daratang ti Mekah, di palabuan Tanjung Priuk loba pisan jelema, wara-wiri wani *cara sireum* bae.

Atawa.

Keur waktu Raja Kamsad pupus, diiring ka makam ku saka-beh raja-raja, anu kabawah ka anjeunna, sarta ku abdi-abdina urang nagara eta. Di jalan padedet jelema, wani heurin usik, maraju ngingringkeun Raja, wani *cara lulut* bae.

#### 89. TEU JAUH LAUKNA

*Hartina:* teu euweuh pigaweeunana.

Ambu Samian jeung anakna anu awewe datang ka Nyi Haji Nur, pokna, "Nyimas Haji, ieu kuring gaduh anak sahiji. Manawi Nyimas Haji teu gaduh pirencangeun, nya ieu bae pun anak, da geus hideng kana nyangu-nyangu bae mah, ngan supaya

diurus dahar pakena bae.”

Nyi Haji geuwat bebeja ka salakina, pokna, ”Akang, itu Ambu Samian nawaran pibujangeun, anakna; kumaha tampa?”

Ki Haji, ”Ari sakira bageur mah, tampa bae, karunya, keun da jelema mah *teu jauh laukna*. ”

## 90. CEULI LENTAHEUN

*Hartina*: sagala didenge, tacan puguh, geus gugup dicarita-keun.

Nyi Iti unggal-unggal peuting keuheuleun pisan, ka anakna awewe, Nyi Eme, sabab meh tara bisa sare, da meueus-meueus digeuingkeun-meus-meus digeuingkeun.

Dina hiji peuting, waktu Nyi Iti rek hees jeung anak-anakna, Nyi Eme ngadenge anu ngagurudug di para. Ceuk Eme, ”Ema, Ema! naon eta ngagurudug?”

Nyi Iti nembalan bari leleyepan, ”Beurit.”

Teu lila aya jeruk buruk murag di pipireun imahna ngagepluk.

Ceuk Eme, ”Ema, Ema! naon eta di pipir?”

Nyi Iti, ”Jeruk murag.”

Teu lila gebrug ucing ngarontok beurit.

Eme, ”Ema, Ema! naon ngagebrug?”

Nyi Iti, ”Ucing ngarontok beurit.”

Nyi Iti ambekeun, sabab teu kaur reup hees. Tuluy nyentak, pokna, ”Naha aya budak *ceuli lentaheun* teuing, sagala didenge. Geura molor ka dinya!”

## 91. TI NGONGKOAK DATANG KA NGUNGKUEUK, (BUUK HIDEUNG JADI BODAS)

*Hartina*: sarua bae jeung ti kikirik nepi ka jadi anjing, dina

buku jilid ka III, ngan bedana ari ti kikirik nepi ka jadi anjing mah ti bubudak nepi ka kolot, (tengah tuwuh), ari ieu mah ti bubudak nepi ka aki-aki.

## 92. TI LUHUR SAUSAP RAMBUT, TI HANDAP SAUSAP DAMPAL

*Hartina:* Ieu paribasa sok dipake tobat, bebeakan menta dihampura.

Ki Sangli leungiteun kecrik weuteuh keneh. Tuluy ditata-nyakeun, saha nu ulin ka dieu jeung saha nu resep ngecrik.

Ti dinya aya nu ngabejakeun, "Ari nu resep ngecrik mah Ki Tajin, anak Lurah pareman."

Ki Sangli tuluy boga tereka bae ka Ki Tajin sarta tuluy disampeurkeun bari ngambek, pokna, "Tajin, kadieukeun kecrik aing, rek dipake, da moal saha nu maling lian ti sia."

Omong Ki Tajin, "Duka, da kuring mah henteu nyokot."

Tapi Ki Sangli keukeuh bae nuding. Terus Ki Tajin dicarekan, mamawa ka kolotna, sabab teu ngaku.

Lurah pareman nyahoeun, yen anakna dituding maling sarta dicarekan, tapi Lurah pareman henteu nguruskeun kana eta pan-yerewelan.

Isukna aya bewara, saha nu kaleungitan kecrik weuteuh, sabab nu malingna ayeuna geus ditangkep.

Ki Sangli ngarenjag sarta rumasa, tadi nuding ka Ki Tajin jeung ka kolotna teh salah. Geuwat Ki Tajin disampeurkeun bari sasadu, pokna, "Bo, ujang, kuring nyuhunkeun dihampura *ti luhur sausap rambut, ti handap sausap dampal*, tina rumasa kasalahan kuring, kamari nuding; eta mugi disuhunkeun ulah jadi manah."

## 93. TIBATAN MEUNANG PALA, ANGGUR MEUNANG PALU

*Hartina:* ti nimbang meunang kangeunahan, anggur

meunang kateungeunahan.

Ceuk si Konta ka si Maji, "Ku naon Maji, leungeun silaing diais?"

Maji, Potong euy, ayeuna keur dilempah."

Konta, "Naha ku naon?"

Maji, "Ragrag tina kuda si Berod."

Konta, "Naha silaing teu bisa tumpak kuda?"

Maji, "Nya eta, puguh rek diajar, tapi barang keclak, ku batur-batur pada ngahoyah-hoyah; atuh kuda teh lumpat, dewek ragrag, nepi ka leungeun potong."

Konta, "Euleuh-euleuh, tada teuing indung silaing reuwasna, meureun silaing diceungceurikan jeung diubaran, tuluy meureun diupahan dibere duit?"

Maji, "Hih boloampar, barang jol oge, gorowok bae ema nyarekan, pokna, "Puas sia, hayuwa teu kojor bae ka dinya. Malah lamun teu dihalangan ku bibi mah, dewek rek dituyun ku pang-rangket."

Si Konta ngagakgak seuri, pokna, "Ha, ha, ha! *ti batan meunang pala* mah, *anggur meunang palu*, nya."

#### 94. CARA CUCURUT KAIBUN

*Hartina*: mucicid, goreng pake.

Ceuk Pura, "Warsa, maneh rek indit kana ondangan. Cing make papakean teh anu hade, ulah *cara cucurut kaibun* teuing."

#### 95. TUNGGUL SIRUNGAN, CATANG SUPAAN

*Hartina*: kajadian goreng di ahirna.

Ceuk Isan, "Japan, cing beuli lembur dewek."

Japan, "Naha lain lembur wariskeuneun?"

Isan, "Keun bae wariskeuneun oge, da geus idin ti dulur-dulur; kajeun teuing ka silaing mah dimurahkeun bae."

Japan, "Ah, embung euy dimurahkeun oge, bisi *tunggul sirungan, catang supaan.*"

## 96. TURUN KARANJANG

*Hartina:* nu boga pamajikan atawa nu boga salaki, lamun pamajikanana atawa salakina maot, manehna tuluy kawin ka adina.

Nyi Sair boga adi ngaranna Nyi Arnes, masih lanjang. Maneh-na boga salaki ka Ki Kosad tukang jagal domba.

Hiji mangsa Nyi Sair gering payah, nepi ka ajalna maot.

Barang geus dikubur, Ki Kosad dicalukan ku mitohana, pokna, "Kosad, ayeuna maneh montong ka mana-mana, hanas pamajikan maneh geus hilang, kajeun; tuh kawin deui ku maneh Nyi Arnes."

Wangsul Ki Kosad, "Eta mah geus kumaha bapa bae, kuring seja nurutkeun."

Samemeh matang puluh oge Ki Kosad geus nikah deui ka Nyi Arnes.

Jadi kalakuan Ki Kosad disebut dina paribasa *turun karanjang.*"

## 97. TUTUNG ATAHAN

*Hartina:* hade sawareh, timu sawareh atawa lamun ngajar barudak, sok belong-bentong: nu hese bisa, ari nu babari teu bisa, nurutkeun kana beubeuleuman, nya eta lamun meuleum hiji lauk, dina eta lauk aya nu geus tutung, aya nu geus asak, aya nu atah keneh.

Asmad jadi guru partikulir di Desa Cipeuteuy. Ku sabab manehna tacan paham kana elmu guru, ngajarna teu puguh, henteu bisa milih budak nu sarua pangartina, nu bodo nu pinter disarua-keun bae; kitu deui ngajarkeun pangajaran nurutkeun kabisana, henteu nyahoeun undak usukna; jadi pangajaranana oge, sok luhur handapan. Ana kajadian di muridna pangabisana sok *tutung atahan*: nu hese bisa, ari nu babari teu bisaeun.

## 98. TUTUP LOBANG, KARI LOBANG

*Hartina*: nu mayar hutang ku beunang nganjuk deui, jadi teu kaur punah.

Dorareja jadi mandor gudang, bayaranana Rp 20. Ku sabab manehna henteu bisaeun metakeun rejekina nu geus tangtu, tina royal teuing, ayeuna raweuy hutangna.

Di mana usum bayaran wani ngagimbung nu nagih, awewe lalaki.

Demi kalakuanana Dorareja satiap-tiap keur pere tina gawe, geuwat nginjeuman duit rente, atawa ngagadekeun barang. Bener bisa kabayar hutang hiji dua, tapi hutangna anggur tambah gede.

Carek bojona, "Kang, kuring heran ku akang, ari bayaran ngan Rp 20, tapi mayaran hutang leuwih ti Rp 40; jeung eta akang ari datang ti pagawean teh bet ngan ngider bae. Kamana?"

Wangsulna, "Kapan nginjeuman duit keur mayar hutang."

Pamajikan, "Atuh ari kitu mah *tutup lobang, kari lobang*, moal kaur punah hutang teh."

## 99. CUEUT KAHAREUP

*Hartina*: geus tereh paeh, umur anu geus jauh ti tengah tuwuh.

Dina hiji poe Irjani datang ka Aspan, pokna, "Mang, ayeuna aya wawar: saha-saha nu daek ka Deli sarta suka sorangan, gede

persenna, sumawonna lamun jeung pamajikan mah, di dituna dibere imah jeung pakarangan nu alus. Cing, mang, hayu urang ka ditu."

Aspan, "Ari silaing sok kurang taksiran, atuh ngajak mah ulah ka palebah dewek, kudu ka nu ngora keneh; dewek mah umur oge geus meh 60 taun, huntu geus beak, buuk geus bodas; embung dewek mah, geus *cueut kahareup*.

#### 100. CUL DOGDOG, TINGGAL IGEL


*Hartina*: cul pagawean baku, ngalampahkeun anu henteu hasil.

Ki Karbi dimodalan ku bapana Rp 50 babakuna dagang gentong, ngider unggal-unggal poe ka kampung-kampung.

Hiji mangsa manehna lalajo maen bal, resepeun pisan. Unggal-unggal mentas dagang, sok geuwat neangan, sugar aya anu maen bal. Beuki mindeng lalajona, beuki tambah resepna, nepi ka culculan kana dagangna. Lila-lila pot pisan daganganana diingkeun di imahna, henteu diiderkeun, malah upama manehna rek indit lalajo teu boga bekel, nyokot sarupa barangna nu sakira payu, dibawa kana panglajaoan, digarewolkeun, dimumurah.

Carek adina Karbi ka bapana, "Bapa, kumaha ari kang Karbi ngan resep lalajo maen bal bae; demi daganganana cul henteu dijalankeun; geura wani geus kokorompong, teu aya anu hade. Aya oge omongna ka kuring, pokna, "Moal dagang deui, da resep lalajo." Lamun sarupa kitu mah kalakuan akang, *cul dogdog tinggal igel*.

---



PN BALAI PUSTAKA — JAKARTA

Perpustakaan  
Jenderal

85

